Фи нэщIыр къабыл ухъу!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№34 (24.940) • 2026 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

## НэщIикIыж хьид махуэшхуэм и щIыхькIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм сохъуэхъу Рэмэдан мазэр зэриухамкIэ, НэщIикIыж хьид махуэ лъапIэмкIэ!

Ислъам диным нэхъ Iэтауэ игъэлъапIэ махуэшхуэхэм ящыщ зыр и дамыгъэщ цIыхухэр хьэлщэнкIи псэкIи нэхъыфI хъуным, гумащIагъэм, гущIэгъум зэрыхущIэкъум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу муслъымэнхэм ягъэлъапIэ, хуосакъ нэхъыжьхэм къытхуагъэна псэкупсэ, щэнхабзэ щIэин къулейм, нэгъуэщI дин зезыхьэхэм ящIыгъуу хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI дяпэ итахэм я щапхъэ дахэхэр хъумэным, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр, республикэм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ гъэбыдэным.

Псом хуэмыдэу пщIэшхуэ зыхуэгъэщI муслъымэн зэгухьэныгъэхэр республикэм и жылагъуэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтым, псапащIэ, егъэджэныгъэ, узэщIакIуэ, хэкупсэ проектхэмрэ жэрдэмхэмрэ гъэзэщIэным зэрыхэтым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу узыншагъэ быдэ яIэну, мамыру, зэIузэпэщу псэуну!

НэщIикIыж хьид махуэ лъапIэм дэтхэнэ унагъуэми хуабагъэ, гуапагъэ къыфхудэкIуэну, гуфIэгъуэрэ гупсэхугъуэрэ къыфхуздихьыну, лъагапIэщIэхэм фынэзыхьэсын къару къыфхилъхьэну си гуапэщ.

## Узыфэхэм зэрапэщIэт Iэмалхэр ягъэбелджылы



**КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ эндокринологиемкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хэха Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщратым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэхэу **Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ**, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ **ДыщэкI Мадинэ**, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Къармэ Марат**, депутатхэр, медицинэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** къызэхуэсахэм ягу къыигъэкIыжащ диабетым пэщIэтынымкIэ щIыналъэ проектыр и лъабжьэу, поликлиникэм къыщыщIэдзауэ сымаджэщхэм щыщIэкIыжу дэIэпыкъуныгъэр и чэзум икIи IэкIуэлъакIуэу цIыхухэм ялъэгъэIэсыныр республикэм зэтеубла зэрыщыхъуар. ЗэфIагъэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, нэхъапэм федеральнэ сымаджэщхэм щагъуэту щыта дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд иджы республикэм пщIэншэу щаIэрохьэ. «Абы щыгъуэми, къыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщIы узыфэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. Аращи, нобэ ди къалэн нэхъыщхьэр зэпхар ахэр пасэу къэхутэнырщ», - жиIащ Къэжэрым.

Къармэ Марат къыщыпсалъэм, къыхигъэщащ иужьрей илъэсхэм IэнатIэр куэдкIэ къызэрагъэщIэрэщIэжар. ЗэхъуэкIыныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу абы къигъэлъэгъуащ эндокринологие центрхэмрэ «диабет лъэгум» щеIэзэ кабинетхэмрэ щIыналъэм къызэрыщызэIуахар. Мыхьэнэшхуэ иIэу къалъытэ сымаджэхэр узыфэм зэрыкIэлъыплъыну Iэмалхэм зэрыщагъэгъуазэми.

Штатым хэмыт IэщIагъэлI-эндокринолог нэхъыщхьэ, Медицинэ технологие лъагэхэмкIэ унэтIыныгъэ куэду зэхэт республикэ клиникэ центрым и эндокринологие къудамэ №1-м и унафэщI **Щэхъалы Иннэ** жиIащ «эндокринологие» унэтIыныгъэмкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр лъэныкъуищкIэ зэрыратыр: амбулаторэм, стационархэм, технологие лъагэ зи тегъэщIапIэ IэнатIэхэм.

2025 гъэм эндокриннэ узыфэхэр зиIэхэм я бжыгъэм хэхъуауэ къэзыгъэлъэгъуар диабетым ирисымаджэхэри абыхэм яхэту къызэрапщытарщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къалъытэ лъхъумбым (йод) щымащIэ щIыналъэу, ар щитовиднэ же-лезам и узыфэхэр, лышхри яхэту, къызыхэкI Iуэхугъуэщ.

2023 гъэм республикэм и район сымаджэщ нэхъыщхьэхэм я поликлиникэхэр къызэрагъэпэщащ гликированнэ гемоглобиныр къызэрапщ IэмэпсымэхэмкIэ. Абы Iэмал къаритащ илъэситIым кърихубыдэу апхуэдэ къэхутэныгъэкIэ зи узыншагъэр къапщытэхэм я бжыгъэр цIыху мини 10-м щIигъукIэ нэхъыбэ ящIыну.

Щэхъалыр къытеувыIащ щIыналъэм и эндокринологие IэнатIитIым, Медицинэ технологие лъагэхэмкIэ унэтIыныгъэ куэду зэхэт щIыналъэ клиникэ центрымрэ Республикэ клиникэ сымаджэщымрэ епхахэм, я лэжьыгъэм. Гугъуехьхэм ящыщу сымаджэхэм лъэпощхьэпо яхуэхъу зыбжани абы къигъэлъэгъуащ. Псалъэм папщIэ, лъакъуэм хэлъ псантхуэхэмрэ лъынтхухэмрэ зэран хуэхъу диабетыр къыщахутэ кабинетым сымаджэм цIынагъэ иIэу гу лъатамэ, дохутырхэр хуиткъым КТ-ангиографие ищIыну (формэ 057-у) ар ягъэкIуэну. Щыпсэу щIыпIэм щыIэ поликлиникэм игъэзэжу сымаджэм щIэрыщIэу зригъэтхыжын хуей мэхъу, абы Iуэхур кIыхьлIыхь ещI, зэрадэIэпыкъуфынури егъэгувэ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*



Пэрытыныр ФиIэпщэм и гъащIэ мардэт

4-нэ нап.



Нэгузыужьыпlэхэр зрегъэлъагъу

9-нэ нап.



Мамырыгъэ къытхуэхь, гъатхэ дахэ!

10-нэ нап.




11-нэ нап.



ШколакIуэхэр дихьэхат

12-нэ нап.

# Узыфэхэм зэрапэщIэт Iэмалхэр ягъэбелджылы

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Республикэм 2022 гъэ лъандэрэ инсулин помпэхэр щагъэув (Iуэхугъуэ 40 апхуэдэу ягъэзэщIащ). Республикэ клиникэ сымаджэщым и хирургхэм лъынтхуэ операцэ гугъухэр ирагъэкIуэкI, диабет зиIэхэм я лъакъуэхэр памыхыу кърагъэлын папщIэ. Апхуэдэуи 2025 гъэм лазеркIэ нэм и сетчаткэр зыгъэбыдэ операци 165-рэ ящIащ.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, жьэжьей лышххэм епха операцэ республикэм щащIыркъым - сымаджэхэр федеральнэ IуэхущIапIэхэм ягъакIуэ. Жьэжьей уз гъэтIылъа яIэу диабетым ирисымаджэ цIыхуи 110-м диализымкIэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэ ират, ар илъэс 25-рэ ипэкIэ щыIа щытыкIэм елъытауэ зыужьыныгъэшхуэу къалъытэ.

Штатым хэмыт сабий IэщIагъэлI-эндокринолог нэхъыщхьэ, Республикэ сабий клиникэ унэтIыныгъэ куэду зэхэт центрым и къудамэм и унафэщI Дыщокъуэ Еленэ жиIащ сабий эндокринологие центрыр 2022 гъэ лъандэрэ зэрылажьэр, абы гъуэлъыпIэ 40 зыщIэхуэ стационарыр, поликлиникэ къудамэр, сымаджэхэм папщIэ еджапIэхэр къызэрызэщIиубыдэр. 2025 гъэм и кIэм ирихьэлIэу диабет уз зиIэ сабийуэ 418-рэ ятхауэ щытащ. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, сымаджэ хъухэм хохъуэ: 2026 гъэм и щIышылэ-мазае мазэхэм я закъуэ сымаджэ 22-рэ къахутащ.

2025 гъэм «Диабетым и школ»-м цIыху 759-рэ (сымаджэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ) щрагъэджащ. «Алементар-щхьэхуимыт узыфэхэм я еджапIэри» къызэIуахащ. Сабийр пшэр хъумэ, гугъуехь, узыфэ гуэрхэр къыхокI. Псом хуэмыдэу япэ илъэситхум сабийм и шхэкIэм зэрыкIэлъымыплъырщ абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу дохутырхэм къагъэлъагъуэр.

Дыщокъуэр къытеувыIащ IэщIагъэлIхэр зэраIэми: республикэм сабий эндокринолог 16 щолажьэ, къэбгъэлъагъуэмэ, мардэхэм тепщIыхьмэ, ар къозэгъ. АрщхьэкIэ апхуэдэ IэщIагъэлIхэр здэщымыIэ щIыпIэхэм дохутырхэр махуэ хэхахэм ягъэкIуэныр зэтеублэжыныр къэпсэлъам фIэкъабылщ.

2025 гъэм я узыншагъэр къапщытэну федеральнэ сымаджэщхэм сабий 62-рэ ягъэкIуащ. IуэхущIапIэр ирогушхуэ сымаджэхэр хущхъуэкIэ къазэрыхузэгъэпэщым: иджырей инсулинхэмкIэ, тестхэмкIэ, мастэхэмкIэ. Урысейм щыяпэхэм ящыщу республикэм 2022 гъэм глюкозэр зэпымыууэ къэзыпщытэ IэмэпсымэхэмкIэ сабийхэр къызэригъэпэщу щIидзащ. Иджыпсту цIыху 400-м мониторхэр, 90-м инсулин помпэхэр къагъэсэбэп.

Къэпсэлъам гугъуехь нэхъыщхьэуи тIу къигъэлъэгъуащ. Япэр - технологие лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм хухах мылъкур зэрахуримыкъурщ: помпэр хуагъэувыным пэплъэу цIыху 50-м нэс чэзум щытщ (къэбгъэлъагъуэмэ, 2024 - 2025 гъэхэм апхуэдэу къащэхуар 15 къудейщ). ЕтIуанэ гугъуехьыр - гибрид зэпыщIэныгъэ зиIэ иджырей помпэхэр къазэрыIэрымыхьэрщ.

ЗэIущIэм хэтахэм даIыгъащ йодыр зэрымащIэм зэрыпэщIэтын щIыналъэ программэ зэхэлъхьэн зэрыхуейр. Ар сэбэп хъуну къалъытэ совет зэманым екIуэкIыу щыта цIыхубэ профилактикэм хуэкIуэжынымкIэ.

Щхьэхуэу зэIущIэм хэтахэр къытеувыIащ хущхъуэхэр ди къэралым къыщыщIагъэкIхэмкIэ зэпхъуэкI зэрыхъуну Iэмалхэм. IэщIагъэлIхэм къыхагъэщащ Урысейм фIагъ лъагэ зиIэ инсулинхэмрэ хущхъуэхэмрэ зэрыщащIыр.

ЗэIущIэм щыжаIахэм япкъ иткIэ, комитетым къищтащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм гу зылъитапхъэ чэнджэщ зыбжанэ.

# Сатум хохъуэ

**2026 гъэм и щIышылэм Къэбэрдей-Балъкъэрым розницэ сатууэ щащIам сом мелард 25,9-рэ къыпэкIуащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процентi 107,9-кIэ хуокIуэ, къитащ иджыблагъэ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.**

РОЗНИЦЭ сатум хэтхэм я хэлъхьэныгъэхэр зэпэщхьэхуэу къэбгъэлъагъуэмэ, процент 56,1-р сату щIыпIэ инхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ къалъос, бэзэрхэмрэ жармыкIэхэмрэ - процент 43,9-р. Абыхэм зэхэту яща продукцэхэр зэпэщхьэхуэ тщIымэ, ерыскъыхэкIхэм (тутынри псыхэкIхэри хохьэ) процент 49,9-рэ яубыд, ерыскъыхэкIыу щымыт хьэпшыпхэм - процент 50,1-р.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм и цIыхухэм иращащ ерыскъыхэкIрэ тутыну сом мелард 12,9-рэ и уасэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ процентi 8,0-кIэ нэхъыбэщ ар. ЕрыскъыхэкIыу щымыт хьэпшыпу ящащ сом мелард 13,0 и уасэ. Ари процентi 7,9-кIэ нэхъыбэщ 2025 гъэм и апхуэдэ пIалъэм яхуэзэфIэкIам елъытауэ.

2026 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлIэу республикэм и сату щIыпIэхэм сом мелардi 5,4-рэ и уасэ ерыскъыхэкIрэ хьэпшыпу зэрагъэтIылъэкIауэ яIащ. 2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 0,5-кIэ нэхъыбэщ ар, ауэ нэгъабэ мазаем и 1-м щыIахэм нэхърэ процентi 2,2-кIэ нэхъ мащIэщ.

**БЭБЭЧ Башир.**



# ПсэупIэм пыщIа Iуэхутхьэбзэхэм гукъанэ къащIыхэкIыр

**КъБР-м и Парламентым «стIол хъурей» жыпхъэм иту иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЖКХ-м епха гугъуехьхэм, псыкIэ, хуабэкIэ, уэздыгъэкIэ, газкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэмрэ унэхэр зэIузэпэщу щытыныр зи къалэн компаниехэмрэ я лэжьыгъэм. ЗэIущIэр и жэрдэмт УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэмкIэ комитетым.**

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэм-рэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ, депутатхэр, республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр абы хэтащ.

Къызэхуэсахэм Жанатаев Сэлим защыхуигъазэм къыхигъэщащ гугъуехьхэр къэгъэнэIуэнымрэ абыхэм тепсэлъыхьынымрэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм ехьэлIа Iуэхухэм ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псор егъэпIейтей. «СтIол хъурейм» къедгъэблэгъащ мы IэнатIэм елэжь IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэр - щIыналъэ министерствэр, унэхэр зезыхьэ компаниехэр, ПсэупIэхэр ухуэнымкIэ щIыналъэ фондыр, КъБР-м Тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къэрал комитетыр. Iуэхур зы лъэбакъуэкIэ нэхъ мыхъуми дгъэкIуатэмэ, ари ехъулIэныгъэщ», - жиIащ абы.

КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч жиIащ «стIол хъурейр» къыщIызэрагъэпэщар зэчэнджэщыну зэрыарар. «Нобэ ЖКХ-р нэхъ гугъу дыдэу зэтеубла, абы щыгъуэми цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэхэм ящыщщ. Ар тэмэму зэрылажьэм елъытащ жылагъуэр зэIузэпэщу псэуныр», - къыхигъэщащ Къумалым. Абы жиIащ республикэм гугъуехь мымащIэхэр зэрыщыIэр икIи абыхэм гулъытэ хэха зэрахуэщIыпхъэр.

КъаIэта Iуэхум тепсэлъыхьу, зэIущIэм я Iуэху еплъыкIэхэр щыжаIащ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэм псэупIэ IэнатIэмкIэ и къудамэм и унафэщI Ахъсор Астемыр, экономикэ къэпщытэныгъэмкIэ къудамэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Соблыр Аленэ, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Тонконог Анатолий, КъБР-м Тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Чимаев Тахир, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр щызэзыгъэпэщыж щIыналъэ оператор» фондым и унафэщI Кулиев Мустафир, «Кавказ Ищхъэрэм и Россети» ПАО-м и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ - «Энергосбыт» къудамэм и унафэщI Къэнэмэт МуIэед, «Экологистика» ООО-м и къудамэм и унафэщI Гасиев Анзор, «Газпром межрегионгаз Налшык» IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщI Ерыстау Лянэ, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм хэтахэм Iуэхугъуэ куэдым я гугъу ящIащ: республикэм электракъару, газ, хуабэ, псы зэрыкIуэ кIапсэхэмрэ бжьамийхэмрэику иту процент 62-кIэ жьы зэрыхъуам, IэнатIэр ирагъэфIэкIуэным текIуэдэну ахъшэр къазэремэщIэкIым, ЖКХ-м и IуэхущIапIэхэм я щIыхуэм зэрыхэхъуэм, цIыхухэм къагъэсэбэп Iуэхутхьэбзэхэр къызэрапщытэ Iэмэпсымэхэр зэрагъэув щIыкIэм, жьы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыным пылъ гугъуехьхэм, унагъуэ, ухуэныгъэ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдашым, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ цIыхум коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэпымыуду яIэрыхьэныр и кIэм нэсу къызэрызэмыгъэпэщар. Щхьэхуэу къытеувыIащ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр жылагъуэм тэмэму итми, щIыхуэм я нэхъыбэр газ, уэздыгъэ, псы, нэгъуэщIхэр цIыхухэм ялъэгъэIэсыныр зи къалэн езы IуэхущIапIэхэм зэрахуэзэтрихьэм. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ зыуэ щыт абонент базэ къызэрызэрагъэпэщынум, уасэхэр зэрагъэув щIыкIэм, «Труженик» жыг хадэ зэгухьэныгъэм щыпсэухэм хабзэубзыху IуэхущIапIэм псы IуэхумкIэ зыкъызэрыхуагъэзам, нэгъуэщIхэми.

Гугъуехь къэзышэхэм ящыщу къыхагъэщащ щIыпIэхэм зэрызаужьым, унэщIэхэр куэду зэрыдращIейм къыхэкIыу псы, газ, хуабэ, н.къ. къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэм псынщIэу къызэрыхэхъуэр. 2025 гъэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр процент 77-м къатащ. КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, ар процентитIкIэ нэхъ мащIэщ ипэ ита илъэсым нэхърэ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ къагъэсэбэп псыр зыхуэдизыр къэзыгъэлъагъуэ Iэмэпсымэхэр зиIэхэр зэрымащIэр. Апхуэдэ Iэмэпсымэ тезымыгъэувахэм 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щегъэжьауэ Iуэхутхьэбзэм щIат уасэм хухагъэхъуащ. КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, унагъуэм ику иту псы кубометр 15 - 17 къегъэсэбэп, зы цIыхум сом 565-рэ хуозэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ЖКХ-р зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалхэми. ЩIыпIэ унафэр зезыхьэ IэнатIэхэр къыхураджащ псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэм зегъэужьыным ахъшэр щыхухахкIэ дыщIагъупхъэри къалъытэну. «СтIол хъурейм» зи гугъу щащIа IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэн чэнджэщхэр щагъэбелджылащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**Мы гъэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу хуалэжьащ сом мелард 74,6-рэ и уасэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процентi 100,5-кIэ хуокIуэ ар.**

# Нэгъабэ елъытауэ кIэрыхуркъым

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу унагъуэхэм хуащIа Iуэхутхьэбзэхэм сом мелард 1,4-рэ къапэкIуащ икIи нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процентi 112,1-кIэ нэхъыбэщ.

Псори зэхэту пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу республикэм щалэжьам и процент 69,7-р хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ къалъос, процент 30,3-р абыхэм хэмыхьэ IуэхущIапIэхэм ейщ.

ЦIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я нэхъыбэр псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм пыщIахэрщ - процент 25,4-рэ мэхъу. Унагъуэхэм хуалэжь Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэм процент 18,5-рэ, транспортым ехьэлIахэм процент 15,7-рэ, телекоммуникацэхэм процент 11,3-рэ яубыд.

Къыщынэмыщlауэ, цIыхухэм хуалэжь Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу 2026 гъэм и щIышылэм псом нэхърэ нэхъыбэу хэхъуэ къэзыгъэлъэгъуар хьэпшыпхэр, ерыскъыхэр, нэгъуэщIу зыхуеинухэр цIыхухэм яхуэзышэхэм я Iуэхутхьэбзэхэрщ - процент 27,4-рэ. «НэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэм» процент 22,0-кIэ хэхъуащ, унагъуэхэм хуащIэхэм - процент 12,1-кIэ.

Унагъуэхэм хуалэжь Iуэхутхьэбзэхэр зэпэщхьэхуэу къэбгъэлъагъуэмэ, процент 49,7-р псэупIэхэр ухуэнымрэ къэгъэщIэрэщIэжынымрэ яубыд. ЩхьэщIэщэнымрэ зыгъэдэхэнымрэ - процент 15,6-рэ, техникэхэмрэ автотранспортымрэ, машинэхэмрэ обрудованэхэмрэ зэгъэпэщыжыным - процент 12,4-рэ къалъос.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Усэшхуэ щIэптыжынущ гъэпцIагъэкIэ къыпIэрыхьам

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я пресс-къулыкъущIапIэм хъыбар къызэритамкIэ, ахъшэр гъэпцIагъэкIэ хъумапIэхэмрэ банкхэмрэ къизых щIэпхъаджагъэхэм хамыщIэкIыу ядэIэпыкъу ныбжьыщIэхэр а бзаджагъэм щыхъумэным икIи пэщIэту ягъэсэным хуэунэтIа хъыбарегъащIэ Iуэхугъуэхэр Налшык къалэм щрагъэкIуэкIынущ.**

«АНТИДРОП» зыфIаща а жэрдэмыр зытеухуар щIалэгъуалэр зыхаша щIэпхъаджэ Iуэхугъуэхэм къабгъэдэшынырщ, абы хэпщIа хъуахэм къэрал хабзэмкIэ жэуапым зэрырашэлIэнур ягурыгъэIуэнырщ. Iуэхугъуэм ипкъ иткIэ, Налшык къалэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм щылажьэхэр еджакIуэхэм, студентхэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм хэт ныбжьыщIэхэм яIуощIэ, дропперствэкIэ зэджэ щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэр зищIысым яхутопсэлъыхь. Хабзэхъумэхэм ирагъэкIуэкI псалъэмакъхэр теухуащ ахъшэдыгъухэм зэрызапэщIумыгъэхуэн щIыкIэхэм, зыгуэркIэ пыщIа ухъуамэ, уакъызэрыIэщIэкIынум, апхуэдэ щытыкIэ ихуам ищIэн хуейхэм.

Хабзэхъумэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и купщIэр ныбжьыщIэхэм нэсу гурагъэIуэн папщIэ, нэрылъагъу IэмэпсымэхэрягъэхьэзыращI, хъыбарылъэхэр зэхалъхьащ. Налшык къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм я гъусэу хабзэхъумэхэм апхуэдэ хъыбарылъэу 100-м щIигъу хьэзыр ящIащ. Ахэр къалэм дэт, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэ псоми хуагуэшащ, цIыхухэр Iуву щызэхыхьэ щIыпIэхэм къыщыфIадзащ.

«АнтиДроп» Iуэхугъуэм къэралпсо мыхьэнэ иIэщ, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ щIэпхъаджагъэм пэщIэзыгъэт Iэмалу хабзэхъумэ къулыкъущIапIэхэм къыщыхалъхьащ. Ар курыхыу зыхуэгъэзар гъэпцIагъэкIэ хэти къыIэрыхьэ сомым фIы зыми зэрыщIимыхынур, абы усэшхуэ хэти зэрыщIитынур щIалэгъуалэм зэхрагъэщIыкIыныршщ.

ЩIыпIэ куэдым щекIуэкI мы жэрдэмыр хабзэхъумэ IэнатIэхэр, щIыпIэ къулыкъущIапIэхэр, егъэджэныгъэм епха IуэхущIапIэхэр зэрызэдэлажьэм и щапхъэщ.

– ЩIэпхъаджагъэ зылэжьхэр яхуэфащэ унафэм ешэлIэныр, цIыхубэм зэдай псэукIэр къызэпызыудым тезыр телъхьэныр игъащIэми хабзэщ. ЩыIэ щытыкIэр зэрыуэзэрыбг зыщIым жэуап зэрихьынур цIыхум, и ныбжьым емылъытауэ, гурыгъэIуэн хуейщ. Ар щIэпхъаджагъэм зэрыпэщIэт зы Iэмалщ. Иужьрей илъэсхэм дропперкIэ зэджэ щIэпхъаджэ лIэужьыгъуэхэр куэд хъуащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, дызытепсэлъыхьыр ахъшэдыгъухэращ. ЩIэпхъаджащIэхэр Iуэхум нахуэу хэткъым, атIэ ныбжьыщIэхэр къагъэсэбэпурэ я бзаджагъэхэр ялэжь. Мыхэр къэубыдыгъуейщ, ауэ хабзэ гъуэгум траш ныбжьыщIэхэр псынщIэ дыдэу бэлыхь хохуэ, сыту жыпIэмэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм къыщIагъэщ хабзэр бзаджагъэр зи IэкIэ зылэжьахэращ. Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ мыхъумыщIагъэр къызэрыхъур? НыбжьыщIэр гъэпцIагъэкIэ къыдахьэхри, имыцIыхум и ахъшэр и картэм къагъакIуэ, иужькIэ ар банкоматым а сабийм и IэкIэ кърагъэхыж. Ар зы гъуэгущ. НэгъуэщI бзаджэ щIэкIи щыIэщ. Къыдахьэха ныбжьыщIэм и картэмкIэ ахъшэр ямыцIыху гуэрым деж ягъэхь. Дауи, щIалэгъуалэр къызэрыдахьэхыр ахъшэщ. БзаджащIэхэм зэIэпах ахъшэм щыщу зы процент гуэр ныбжьыщIэхэм ират. Асыхьэтым къыщегъэжьауэ, ныбжьыщIэхэм хащIыкIыу Iуэхум хыхьами хамыщIыкIыу бзаджащIэхэм япыщIа хъуами, щIэпхъаджагъэ Iуэху ялэжь мэхъу. Къэралым 2025 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм къыщегъэжьауэ унафэ къиштауэ иIэщ апхуэдэ щIэпхъаджэ зылэжьхэм зэретхьэкъунур жиIэу. Псалъэм папщIэ, ныбжьыщIэм и картэр зыгуэрым иритрэ ахъшэ къырыригъэхмэ, сом мини 100-м къыщегъэжьауэ сом мин 300-м нэскIэ етхьэкъунущ, сыхьэт 480-кIэ къэралым хуигъэлэжьэнущ, тезыр зэрипшыныж лэжьыгъэ ирихьэкIыу илъэситIкIэ ягъэлэжьэнущ, залымыгъэ хэлъу илъэсищкIи ягъэлэжьэнущ. НэгъуэщIым и картэр къэбгъэсэбэпу ахъшэ кърихамэ, залымыгъэ хэлъу илъэситхукIэ ягъэлэжьэнущ, сом мин 300-м къыщегъэжьауэ сом мелуаным нэскIэ етхьэкъунущ, апхуэдиз сом щIиту илъэсихкIи хьэпсым ирадзэнущ. ГурыщIхъуэ зыхуищIхэм я базэ Урысейм и Банкым иIэщи, абы ухэту укъыщIэщамэ, къыпхуищIэ IуэхутхьэбзэхэрзэуэегъэувыIэ, бзаджагъэ зэрумылэжьамкIэ и пащхьэ зыщыбухеижыну къызэрымыкIуэу гугъуи мэхъу. А псор къэмыхъун папщIэ ныбжьыщIэхэм я картэр зыми ирамытыным, нэгъуэщIым ейр къащтэу ахъшэ кърамыхыным нэхъыфI щыIэкъыми, абыхэм зыщадзеймэ, шэч хэлъкъым, нэхъыфIщ, – жаIэ щIалэгъуалэм ахъшэдыгъухэм зэрапэщIэтын хуеймкIэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI хабзэхъумэхэм.

**БЕСЛЪЭН Берд.**

## Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 20,**
*мэрем*

♦**Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэщ**
♦**ЩIым и дунейпсо махуэщ**
♦**1944 гъэм** Докшукинэ спирт заводым, зэрагъэпэщыжа нэужь, лажьэу щIидзэжащ.
♦**1992 гъэм** «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэмрэ «Дыщэ вагъуэ» медалымрэ ягъэуващ.
♦**1910 гъэм** къалъхуащ «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэща **Мусэ Менлы**.
♦**1967 гъэм** къалъхуащ композитор, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Абдокъуэ Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Гъатхэпэм и 21,**
*щэбэт*

♦**Усыгъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1918 гъэм** Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ совет властыр щагъэуващ.
♦**1910 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Махъсидэ Залымхъан**.
♦**1940 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ, АР-м и цIыхубэ артист **Жанэ Нафисэт**.
♦**1960 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, Адыгейм щIыхь зиIэ и художник **Хъуажь Рэмэзан**.
♦**1961 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Джатокъуэ Олег**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 5 - 8 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 22,**
*тхьэмахуэ*

♦**1928 гъэм** къалъхуащ РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Жамбэч Мухьэдин**.
♦**1936 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессору икIи и япэ ректору щыта, КъБР-мрэ УФ-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ФиIэпщэ Борис**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 6 - 9 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 23,**
*блыщхьэ*

♦**Метеорологием и дунейпсо махуэщ**
♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, юстицэмкIэ 2-нэ класс зиIэ къэрал чэнджэщэгъу **Абазэ Руслан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

***Дыгъуасэ***
*Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 33-рэ. Абыхэм ящыщу 17-р хъыджэбз цIыкIущ, 16-р щIалэщ.*
*Гъатхэпэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 525-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2013-рэ.*

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:
**ЖызыIэн мыукIытэр ищIэни укIытэркъым.**

● УФСБ-м къет

### Къуэды ипшынынущ

**ЭлектрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ компанием и къудамэм и лэжьакIуэм зэрихьэ хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ. Ар пыщIат Шэрэдж районым щыIэ хуабэщ комплексхэм я зым игъэкIуэщIа электрокъарур къыщипщытэм и къулыкъукIэ иIэ хуитыныгъэхэр къызэригъэсэбэпам.**

КъБР-м и Шэрэдж район судым и унафэ зэкIэ къару зымыгъуэтам ипкъ иткIэ Ульбашев Э.Х. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м 33-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм, 285-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ икIи къуэды тралъхьащ.

Апхуэдэу хабзэхъумэхэм наIуэ къащIащ Налшык къалэм щыпсэу Акбулатов Х.А. щIэпхъаджагъэ зэрилэжьар.

КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Акбулатов Х. А. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 210.1 статьям къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ. Абы илъэси 8 тралъхьащ.

### Къэралым епцIыжащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу республикэм щыIэм къызэпиудащ илъэс 36-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэум зэрихьэ хабзэншагъэр - ар къэрал епцIыжащ.**

Украинэм и щэхурылажьэ гуп хэхахэм къалэн къыщащIауэ, Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и хэщIапIэхэм ехьэлIа хъыбархэр зэхуихьэсырти абы яIэригъэхьэрт.

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 275-нэ статьям ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, къэдгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэм хуэдэ зылэжьам тезыр нэхъыбэ дыдэу тралъхьэ и гъащIэр лъэхъуэщым щихьыну.




## Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!

## Газетыр къевгъэхь!

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.

# Пэрытыныр ФиIэпщэм и гъащIэ мардэт

**ЦIыху псори зэхуэдэкъым я хьэлкIи, щэнкIи, теплъэкIи, дуней еплъыкIэкIи. Хэти пашэу щытыныр и хьэлщ, щыIэщ апхуэдэхэм яужь иувэныр нэхъ къэзыщтэхэри: япэ итым дзыхь хуэпщIмэ, ар нэхъ тынщ. Пэрытыныр зи гъащIэ мардэу псэуа адыгэлIхэм ящыщащ УФ-м, КъБР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэу, ди республикэм и япэ мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэм, КъБКъМИ-м (иджыпсту КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ КъБКъМУ-м), и япэ ректору щыта, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ФиIэпщэ Борис Хьэмзэт и къуэр (1936 - 2008). Гупсысэ куурэ Iуэху зехьэкIэ екIурэ зыбгъэдэлъа а цIыху гумызагъэм, ди республикэм къихъуа щIэблэ куэдым унэтIакIуэ яхуэхъуа IэщIагъэлI щыпкъэм фIыуэ къыгурыIуэрт упэрытыным пщIэрэ щIыхьрэ къызэрыдэкIуэм хуэдэ дыдэу, ар зэрыгугъур, жэуаплыныгъэшхуэ зэрыпылъыр. Апхуэдэущ дзыхь къыхуащIа IэнатIэр ФИIЭПЩЭ Борис зэрырихьэкIар: зи пашэ гупыр IуэхугъуэфIхэм хузэщIигъэуIуэу, мурад лъагэхэм къапкърыкI къалэнышхуэхэр екIуу зэрызэфIахыным тригъэгушхуэу. Лъэпкъ еджагъэшхуэр къызэралъхурэ гъатхэпэм и 22-м илъэс 90 ирокъу.**

ФИIЭПЩЭ Борис Тэрч щIыналъэм хыхьэ Акъбащ Ипщэ (Астемырей) къуажэм 1936 гъэм къыщалъхуащ. Дунейр, гъащIэр фIэхьэлэмэту къэхъуащ ар. Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Борис мурад ищIащ еджэным адэкIи пищэну. А гуращэр и гъуэгугъэлъагъуэу щIалэщIэр 1955 гъэм лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ икIи ехъулIэныгъэкIэ 1960 гъэм къиухащ КъБКъУ-р. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ ФиIэпщэр абдеж къыщыувыIакъым. КъБКъУ-м и диплом плъыжьыр зыIэщIэлъ Борис а илъэс дыдэм щIэтIысхьащ Дон Iус Ростов къалэм дэт къэрал университетым (РКъУ) и аспирантурэм, щIыгулъым елэжьынымкIэ и зэфIэкIхэм абы и къудамэм щыхигъэхъуэну.

Аспиратнурэм щыщIэса илъэсхэм ФиIэпщэм, еджэным къыдэкIуэу, къэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд иригъэкIуэкIащ дэзыхьэх унэтIыныгъэм ехьэлIауэ. Аспирант жыджэрым еджэныр къыщиухым ирихьэлIэу игъэхьэзыракIэт зэфIиха щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм ящыщ куэд щызэхуихьэсыжа и кандидат лэжьыгъэр. «Къэбэрдей ЦIыкIум и щIыгулъхэр» фIэщыгъэр зиIа а диссертацэр Борис 1963 гъэм ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ РКъУ-м икIи «биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат» цIэр къыфIащащ.

Еджэныр хъарзынэу зэфIихыу щалъхуа щIыналъэм къэзыгъэзэжа щIэныгъэлI ныбжьыщIэр занщIэу ирагъэблэгъащ КъБКъУ-м агрономиемкIэ и кафедрэм. А IэнатIэм пэрыту ФиIэпщэм икIуащ щIэныгъэм, егъэджэныгъэм епха гъуэгуанэ кIыхь икIи купщIафIэ. Ассистенту щIэзыдза щIалэщIэм ехъулIэныгъэкIэ къызэринэкIащ къулыкъу «дэкIуеипIэм» и теувапIэ псори икIи профессорым нэсащ. Кафедрэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм я куупIэм, егъэджэныгъэ Iуэхум хэтми, Борис зэи IэщIыб ищIакъым щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр. А лэжьыгъэхэр абы триухуэрт Кавказым и щIыгулъ зэмылIэужьыгъуэхэм япкърылъ къарур, ахэр зэрызэхэлъ щIыкIэхэр джыным. 1975 гъэм ФиIэпщэм утыку ирихьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и щIыгулъхэр (генетикэ и лъэныкъуэкIэ яIэ щхьэхуэныгъэхэр, я географиемрэ хозяйствэхэм къызэрагъэсэбэпымрэ)» зыфIища лэжьыгъэ купщIафIэр. Ар еджагъэшхуэм щытхъурэ фIыщIэрэ пылъу щыпхигъэкIащ Дон Iус Ростов къэрал университетым. Куэд дэмыкIыу ФиIэпщэ Борис хъуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор.

ЖыпIэнурамэ, щIэныгъэ дунейм мыхьэнэшхуэ щызиIа а доктор диссертацэм и пщIэр ноби кIуэдакъым, ар къагъэсэбэп Кавказ щIыналъэм и щIыгулъхэр, и щIыуэпсыр зыдж студентхэм, аспирантхэм. Лэжьыгъэм щыщ щапхъэхэр щIэныгъэлI куэдым тегъэщIапIэ ящI, къэхутэныгъэщIэхэр щрагъэкIуэкIкIэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ а еджагъэшхуэм. Псори зэхэту къапщтэмэ, щIэныгъэлIым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэр къыщызэщIикъуэжа а тхылъхэм, тхыгъэ щхьэхуэхэм, къэпсэлъэныгъэхэм, методикэ чэнджэщхэр зэрыт къыдэкIыгъуэхэм я бжыгъэр 150-м щIегъу. Том куэд хъу «Черноземы СССР» монографие иным щыщу ФиIэпщэм и щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ къихьащ Кавказым и щIыгулъхэм ятеухуа томыр. Ар 1985 гъэм Москва дэт «Агропромиздат» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIауэ щытащ. ЩIэныгъэлIым и редакцэм щIэту дунейм къытехьащ «Природно-ресурсный потенциал агропромышленного комплекса КБР», «Научные основы рационального использования почв Северного Кавказа и пути повышения их плодородия», «О генетических особенностях и классификации черноземов Восточного Предкавказья», «Влияние сельскохозяйственного использования на некоторые свойства обыкновенных черноземов Восточного Предкавказья» тхылъ гъэщIэгъуэнхэр, нэгъуэщIхэри. Адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэм и къалэмыпэм къыпыкIа «Высокогорные почвы центральной части Северного Кавказа» монографием зэпкърыха щыхъуащ бгы лъагэ щIыпIэхэм щыIэ щIыгулъхэм яIэ щытыкIэ псори. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьа къыдэкIыгъуэхэм ящыщу а тхылъыр япэ дыдэщ, ди къэралми хамэ щIыпIэхэми а унэтIыныгъэмкIэ дунейм къыщытехьа тхылъхэм уахэплъэмэ.

Илъэс куэдкIэ зыпэрыта щIэныгъэегъэджэныгъэ IэнатIэми ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьащ ФиIэпщэм. КъБКъУ-м, КъБКъМИ-м, КъБКъМА-м (иджы КъБКъМУ) я кафедрэхэм я унафэщIу, факультетым и декану зэман кIыхькIэ щытащ профессор цIэрыIуэр. Студентхэр хущIэкъурт ФиIэпщэм и лекцэрэ семинархэу щIыгулъхэм, щIыуэпсым ятеухуахэм зыхамыгъэныну. Иригъаджэхэм ящыщ куэд ирикIуащ я унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэм и лъэужьым, абы ирихьэжьа Iуэхухэр ягъэкIуатэу, адэкIи яджу.

1981 гъэм и гъэмахуэм СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къыдигъэкIауэ щытащ КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетхэр и лъабжьэу, ди республикэм и къалащхьэ Налшык мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ. СССР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министру а лъэхъэнэм лэжьа Наумов Владимир и унафэкIэ щIыналъэм и япэ мэкъумэш институтым и япэ ректору ягъэуващ щытащ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэ ФиIэпщэ Борис Хьэмзэт и къуэр.

Мазэ зыбжанэ дэкIри, а илъэс дыдэм и фокIадэм и 1-м институтыр Iэтауэ, гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэIуахащ. Ди республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум кърихьэлIат къэралым, республикэм я къулыкъущIэ лъагэ куэд. Апхуэдэхэт академик Шевелухэ Виктор, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэхэу КIыщокъуэ Алим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Кулиев Къайсын, КъБКъУ-м и ректор Лъостэн Владимир, нэгъуэщIхэри. А къулыкъущIэ лъагэхэм я пащхьэм иту ФиIэпщэ Борис жиIауэ щытащ институтым зиужьыным, ар егъэфIэкIуэным къарурэ зэфIэкIыу иIэ псори хилъхьэну.

А псалъэхэр игъэпэжащ ФиIэпщэм. А къулыкъу лъагэм зэрыпэрыта илъэс 20-м нэсым къриубыдэу куэд илэжьащ щалъхуа щIыналъэм и ехъулIэныгъэм, зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа хэкупсэ нэс ФиIэпщэ Борис. ФакультетищфIэкIа мыхъуу къежьа еджапIэм зэман кIэщIым кърыубыдэу хэпщIыкIыу зиужьащ, зиубгъуащ. Ректорым и жэрдэмкIэ, IэнатIэм кърашэлIащ егъэджакIуэ Iэзэхэр, нэгъуэщI щIыпIэхэм щылажьэ ди лъахэгъу щIэныгъэлIхэм ящыщ куэди кърагъэблэгъэжащ щIалэгъуалэм щIэныгъэ ирырагъэтыну. ФиIэпщэм и псэ хьэлэл лэжьыгъэм кърикIуахэм ящыщщ абы факультетыщIэхэр, кафедрэщIэхэр къызэрыщызэIуахар, егъэджэныгъэм щIэныгъэ унэтIыныгъэ куэд къызэрыхэхъуар, езым и аспирантурэрэ докторантурэрэ иIэж зэрыхъуар, нэгъуэщIхэри. Зи зэфIэкIым хэхъуа, мылъку-техникэ лъабжьэми зиужьа институтым 1995 гъэм академие цIэр игъуэтауэ щытащ, къэрал унафэм тету. ИлъэситI дэкIри, ФиIэпщэм къыхилъхьа жэрдэмым и щIэдзапIэу, УФ-м и Правительствэм ищIа унафэр и лъабжьэу, академием и къудамэ къыщызэIуахащ ди республикэм и Тэрч щIыналъэм. Ар хэкIыпIэфIт зэхъуэкIыныгъэм и лъэхъэнэм зи зэфIэкIыр къэтIэсхъа мэкъумэш IэнатIэр къэIэтыжынымкIэ, абы адэкIи зегъэужьыжынымкIэ.

Къыхэдгъэщынщи, къызэрызэIуахрэ мы гъэм илъэс 45-рэ ирикъу КъБКъМУ-р нобэ халъытэ ди къэралым и мэкъумэшпромышленнэ IэнатIэм хиубыдэ мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм. Шэч хэмылъу, апхуэдэу жозыгъэIэ ехъулIэныгъэ лъагэхэм и гуащIэшхуэ хэлъщ еджапIэм и япэ ректору щыта ФиIэпщэ Борис.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм ди къэралыр зэрыта зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэ гугъур къэплъытэмэ, ФиIэпщэ Борис лъэпкъ щIэныгъэм и лIыхъужь, лIыхъусэжь хъуащ. Дзыхь къыхуащIа IэнатIэр химыгъэкIуэдэжам къыщымынэу, ФиIэпщэм хулъэкIащ абы адэкIи зригъэужьын, зригъэубгъун, щекIуэкI щIэныгъэ, къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэфIэкIуэн. ЕджапIэ нэхъыщхьэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр мызэмытIэу щагъэлъэгъуащ ВДНХ-м, ВВЦ-м, нэгъуэщI утыкушхуэхэм.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм, лъэпкъ щIэныгъэр егъэфIэкIуэным, абы зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэ иным папщIэ ФиIэпщэ Борис хуагъэфэщауэ щытащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхьыцIэ лъагэхэр, щытхъу, фIыщIэ тхылъ куэд. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Президентым, КъБР-м и Парламентым, УФ-м, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ я министерствэхэм, нэгъуэщI къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэми къабгъэдэкIахэр. Ар ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и нэIэм щIэту лажьэ, ЩIыгъулъыр джынымкIэ Урысейпсо зэгухьэныгъэм IуащхьэмахуэщIыналъэм щиIэ къудамэм и пашэт, КъБКъМА-м Диссертацэхэр пхыгъэкIынымкIэ и советым и унафэщIт. Еджагъэшхуэр пщIэ хуащIу ирагъэблагъэрт щIэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщI зэхуэс зэмылIэужьыгъуэхэм. Абыхэм я утыкухэм профессор цIэрыIуэм щиIуатэрт щIэныгъэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ иIэ еплъыкIэхэр.

Зыпэрыт IэнатIэкIэ зэфIихыпхъэ а къалэнхэм ящIыгъуу ректорым жылагъуэ лэжьыгъэшхуи игъэзащIэрт. Илъэс куэдкIэ ФиIэпщэр щытащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и члену, Налшык къалэ советым и депутату. Ар щIэх-щIэхыурэ къыщыпсалъэрт парт конференцхэм, нэгъуэщI жылагъуэ зэIущIэхэм.

Къыдэлэжьахэм ягу къызэрагъэкIыжымкIэ, ФиIэпщэм и хьэлым хьэлэмэту щызэхэухуэнат акъыл нэхур, пэжыгъэр, зэпIэзэрытыныгъэр, ерыщагъыр, жэуаплыныгъэр, IэкIуэлъакIуагъыр, зэхэщIыкI куур, и нэIэм щIэтхэм ялъыIэс гулъытэр. Апхуэдэ цIыхухэр, зэрыхабзэщи, щапхъэрэ бзыпхъэрэ яхуохъу ехъулIэныгъэр, лъагапIэхэр зи плъапIэ къытщIэхъуэ щIэблэм. Апхуэдэущ ФиIэпщэр куэдым ягу къызэринари.

КъБКъМУ-м и пщIантIэм нобэ дэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэм и япэ ректору щыта ФиIэпщэ Борис Хьэмзэт и къуэм, еш зымыщIэу, хьэлэлу, жэуаплыныгъэ лъагэ зыхищIэу зи IэнатIэр езыхьэкIа еджагъэшхуэм, и сурэтыр къызыхэIущIыкIа фэеплъ. Абдеж щIэх-щIэхыурэ щызэхуос студент щIалэгъуалэр, университетым и егъэджакIуэхэр, япэ ита адыгэ щIэныгъэлIыр, зи гъащIэр щапхъэу щыта хэкупсэ нэсыр ягу къагъэкIыжу, хэкум хьэлэлу хуэлэжьэнымкIэ абы и гъащIэр щапхъэ дахэу къалъытэу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*



# Сабийхэр еджэным къыкIэрамыгъэхуу

**Нэгъабэ лъандэрэ ди республикэм щолажьэ «УчимЗнаем» урысейпсо проектым и сымаджэщ еджапIэр. Абы и лэжьыгъэр хуэунэтIащ пIалъэ кIыхькIэ сымаджэщым щIэлъ сабийхэр еджэныгъэм къыкIэрымыгъэхуным. Ар къыщызэIуахащ Налшык къалэ дэт, Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ республикэ сабий сымаджэщым. ЦIыкIухэм ядолажьэ предмет куэдым щыхурагъаджэ республикэ гимназием и егъэджакIуэхэр. 2025 гъэм абыхэм Москва и IэщIагъэлIхэм я деж Iуэхум и пIалъэм зыщыхагъэгъуэзащ.**

«РЕСПУБЛИКЭМ сымаджэщ еджапIэ къызэрыщызэIуахар мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэщ. Иджы пIалъэ кIыхькIэ сымаджэщым щIэлъыну къызыхуихуэ сабийхэм я узыншагъэр зэрызэфIагъэувэжым къыдэкIуэу, я еджэныр зэпымыууэ я щIэныгъэм хагъэхъуэфынущ, заужьыфынущ, школ гъащIэм къыхэхуа мыхъуу», - жиIауэ щытар еджапIэр къыщызэIуахым проектым и унафэщI Шариков Сергей.

Сымаджэщ школым щрагъэкIуэкI еджэныгъэр сабийм и узыншагъэр зыхуэдэмрэ медицинэ чэнджэщхэмрэ ятеухуауэ къызэрагъэпэщ. Iуэхум къыщагъэсэбэп «УчимЗнаем» проектым ипкъ иткIэ зэхалъхьа методикэ щхьэхуэхэр.

Проектым и фIыгъэкIэ мы гъэ еджэгъуэм республикэм и сымаджэщ школхэм нобэр къыздэсым щеджащ сабий 1678-рэ. Я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэжыну икIи щеджэну щIыналъэм къокIуэ Москва, Санкт-Петербург, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ республикэхэм, Урысейм и нэгъуэщI хэгъэгухэми щыщ сабийхэр. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм зэгъусэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр икъукIэ щхьэпэщ, дэтхэнэ сабийри, иIэ узыфэм емылъытауэ, еджэныгъэм къыкIэрымыхуу Iуэхур къызэгъэпэща хъунымкIэ.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, илъэс къэс сабий мелуани 6-м нэблагъэм къэралым и сымаджэщхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэж, абыхэм ящыщу мин 250-м медицинэ IуэхущIапIэхэм пIалъэ кIыхькIэ зыщаIэжьэ.

Иджыблагъэ «УчимЗнаем» проектыр «Егъэджэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» унэтIыныгъэмкIэ «Знание. Премия-2025» узэщIакIуэ саугъэт лъапIэм и лауреат хъуащ.

Ди республикэм щыIэ сымаджэщ еджапIэм и лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэтеублащ. Дохутырхэм жыджэру ядолажьэ зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлI 20. Еджэныгъэр сабийхэм драгъэкIуэкIын хуей Iэзэгъуэм теухуауэ къызэрагъэпэщ. Иджырей технологиехэм я фIыгъэкIэ зэман гуэркIэ къэмытэджу пIэм хэлъын хуей сабийхэми Iэмал яIэщ я еджэныр зэпамыгъэуну. А дерсхэм къищынэмыщIауэ, сабийхэм мультипликацэмкIэ, робототехникэмкIэ мастер-классхэр драгъэкIуэкI, Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ипкъ иткIэ, ахэр щагъэгъуазэ цIыхубэ IэпщIэлъапщIагъэхэм, жылагъуэ цIыху цIэрыIуэхэр зыхэт зэIущIэхэр къыхузэрагъэпэщ.

«УчимЗнаем - Заботливая школа» VII урысейпсо конференцым Къэбэрдей-Балъкъэрым сымаджэщ педагогикэм щиIэ зэфIэкIыр къэралым щынэхъыфI щIыналъэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм ящыщу къыщалъытащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

## Мэрем, гъатхэпэм и 27

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Голос» . Новый сезон (12+)
**23.30** Х/ф «АНАТОМИЯ ПАДЕНИЯ» . Золотая пальмовая ветвь 2023 и премия «Оскар-2024» за лучший сценарий (18+)
**02.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Ну-ка, все вместе! Хором! Финал (12+)
**01.35** Х/ф «СКАЗКИ МАЧЕХИ»

### НТВ

**04.45, 09.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.25** Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «МЕРТВАЯ ТОЧКА» (16+)
**22.10** Т/с «КАНЦЕЛЯРСКАЯ КРЫСА. БОЛЬШОЙ ПЕРЕДЕЛ» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.10** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.00** Х/ф «МОЯ РЕВОЛЮЦИЯ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.05** Т/с «ПСЕВДОНИМ АЛБАНЕЦ-2» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.10, 13.25** Т/с «БАТЯ» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «БАТЯ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым» . «Иван Утробин. Штирлиц из российской глубинки» (12+)
**20.30** Д/с «Война миров» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+» (12+)
**00.55** Х/ф «ССОРА В ЛУКАШАХ» (16+)
**04.10** Д/с «Подпольщики» (16+)
**04.50** Х/ф «БЛИЗНЕЦЫ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/ф «Царица Небесная. Феодоровская икона Божией Матери»
**07.15** Театральная летопись
**07.45, 18.45** Д/с «Дубна. Рождение мира»
**08.30** Х/ф «ВЕРТИКАЛЬ» (16+)
**09.45** Кристальные истории
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.25** Новости культуры
**10.15** Фильм-спектакль «Дом окнами в поле»
**10.45** «ХХ век»
**12.00** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Открытая книга
**13.15** Д/ф «Георгий Флеров»
**13.45** Т/с «В ПОИСКАХ КАПИТАНА ГРАНТА» (16+)
**15.05** Д/ф «Мой ГИТИС»
**15.50** Энигма
**16.30** Письма из провинции
**17.15, 01.50** Музыка эпохи барокко
**18.05** Д/ф «Царские забавы»
**19.45** Д/с «Искатели»
**20.35** Линия жизни
**21.35** Телеспектакль «Пьеса для мужчины»
**22.35** «2 Верник 2»
**23.40** Х/ф «МАЯК НА КРАЮ СВЕТА» (16+)
**02.35** М/ф «Мультфильмы для взрослых»

### МАТЧ!

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**07.00, 09.05** Новости
**07.05, 10.50, 14.55, 23.55** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** «Небесная грация» (6+)
**09.30** Биатлон. Альфа-банк. Чемпионат России. Суперперсьют. Женщины. Прямая трансляция из Увата
**11.30** Биатлон. Альфа-банк. Чемпионат России. Суперперсьют. Женщины. Прямая трансляция из Увата
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Дело №» (16+)
**16.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**18.30** Футбол. Россия - Никарагуа. BetBoom матч сборной. Прямая трансляция из Краснодара
**22.00** Смешанные единоборства. А. Подлесный - Ж. Силва. АСА. Прямая трансляция из Белоруссии
**01.30** «Дело №» (16+)
**02.00** Баскетбол. УНИКС (Казань) - «Зенит» (Санкт-Петербург). Winline Basket Cup
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Гандбол. ЦСКА - «Пермские медведи» (Пермь). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины (6+)
**05.30** География спорта (12+)

## Щэбэт, гъатхэпэм и 28

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Оставьте ненужные споры...» К 90-летию со дня рождения Станислава Говорухина (12+)
**11.10** Д/ф «Щелкунчик. В ожидании чуда» (0+)
**12.15** «Рокот космодрома» (12+)
**13.10** Д/ф «Ну вы, блин, даете!» . К юбилею Алексея Булдакова (12+)
**14.20** Х/ф «ОСОБЕННОСТИ НАЦИОНАЛЬНОЙ ОХОТЫ В ЗИМНИЙ ПЕРИОД» (16+)
**15.50** «Наше все. Сделано в России» (12+)
**16.45** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Ледниковый период» (12+)
**21.00** «Время»
**21.35** КВН. Высшая лига (16+)
**23.55** Х/ф «АССА» (18+)
**02.30** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Т/с «МЕСТО ВСТРЕЧИ ИЗМЕНИТЬ НЕЛЬЗЯ» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ОБЪЯВЛЯЮ ВАС МУЖЕМ И ЖЕНОЙ» (16+)
**00.45** Х/ф «СВАДЕБНЫЙ МАРШ» (16+)

### НТВ

**04.40** Х/ф «ЧУЖОЙ ДЕД» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (0+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Неограниченные возможности» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Сатья» (16+)
**14.00** «Поедем, поедим!» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.20** «Суперстар!» . Битва сезонов (16+)
**01.05** Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
**02.25** «Дачный ответ» (0+)
**03.15** Х/ф «РОЗЫ ДЛЯ ЭЛЬЗЫ» (18+)

### ЗВЕЗДА

**06.10** Х/ф «К ЧЕРНОМУ МОРЮ» (16+)
**07.35** Х/ф «ЭКИПАЖ МАШИНЫ БОЕВОЙ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «НЕ ФАКТ!» (12+)
**11.05** «Мужики» (16+)
**11.35** «Легенды искусства» . Эрнст Неизвестный (12+)
**12.00** Д/с «Народный ВПК» (12+)
**12.30** «Любовь на линии огня» . «Война и мир маршала Мерецкова» (16+)
**13.20** Т/с «БИТВА ЗА МОСКВУ» (16+)
**17.05, 19.25** Т/с «БИТВА ЗА МОСКВУ» (16+)
**21.25** Т/с «СМЕРШ. ЛЕГЕНДА ДЛЯ ПРЕДАТЕЛЯ» (16+)
**01.20** Х/ф «ПОДВИГ РАЗВЕДЧИКА» (16+)
**02.50** Х/ф «ОПАСНЫЕ ТРОПЫ» (16+)
**03.50** Х/ф «К ЧЕРНОМУ МОРЮ» (16+)
**05.00** Д/с «Хроника Победы» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Библейский сюжет
**07.05** М/ф «Царевна-лягушка»
**07.50** Х/ф «ОСЕННИЕ УТРЕННИКИ» (16+)
**10.05** Мы - грамотеи!
**10.45** Разные судьбы
**11.25** Х/ф «СТРАННАЯ ИСТОРИЯ ДОКТОРА ДЖЕКИЛА И МИСТЕРА ХАЙДА» (16+)
**13.00** Д/с «Земля людей»
**13.30** Черные дыры. Белые пятна
**14.10** «Эрмитаж»
**14.40** Д/с «Заповедное»
**15.25** Рассказы из русской истории
**16.35** Фильм-балет «Жизель» . Запись 1975 года
**18.00** Х/ф «ОПАСНЫЙ ВОЗРАСТ» (16+)
**19.30** Новости культуры
**19.50** Х/ф «ДЕСЯТЬ НЕГРИТЯТ» (16+)
**22.00** Агора
**23.00** «Женитьба»
**00.40** Д/с «Заповедное»
**01.20** Д/с «Искатели»
**02.05** М/ф «Очень синяя борода» . «Обратная сторона луны»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. А. Перейра - И. Адесанья. UFC. Трансляция из США (16+)
**07.00, 09.05** Новости
**07.05, 13.00, 17.00, 23.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** М/с «Чемпионы» (6+)
**09.30** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**10.00** Биатлон. Альфа-банк. Чемпионат России. Марафон. Мужчины. Прямая трансляция из Увата
**14.15** Хоккей. Фонбет. Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. Прямая трансляция
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 29**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Псэр дахагъэкIэ щапсыхь

***Къэбэрдей - шэрджэсыбзэмрэ щэнхабзэмрэ джынымрэ егъэфIэкIуэнымкIэ «Адыгэ цIыкIу» сабий зегъэужьыпIэр ди щIэблэр гъэсэным, бзэр егъэщIэным, щэнхабзэм дегъэхьэхыным теухуауэ IуэхущIапIэ лъэрытетщ. Адыгэ адэ-анэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуохъу я быным анэдэлъхубзэр ирагъэщIэнымкIэ, сабийхэм бзэм и IэфIыр щызэхащIэ, лъэпкъым хабзэ-щэнхабзэхэр къыщащIэ. ЦIыкIухэр ирагъэджэну зэрыхуитымкIэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лицензэ иIэщ, езым я тхылъ къыдагъэкIыжащ. «Адыгэ цIыкIум» япэ лъэбакъуэхэр ичащ, лъагъуэ игъуэтащ, гъуэгу бгъуфэ зэрыщыIэри къиищIащ. Мыбдежым адыгэ щIэблэм и псэр дахагъэкIэ щапсыхь, фIым щыхуагъасэ. «Адыгэ цIыкIум» и унафэщIыр лъэпкъым теухуауэ гудзакъэ зиIэ, хэкупсэ, зи псэм дахагъэ куэд щызыгъэтIылъуэ Къармэ Iэсиятщ. Лъэпкъ Iуэхущ зыщIэгупсысар, цIыкIухэр щызэхуишэсым. Iэсият езыр психологщ, дефектологщи, сабий гъэсэкIэм и пIалъэ ещIэ, къызэрыпхудэхьэх Iэмалхэм щыгъуазэщ. Сыт хуэдэ атIэ «Адыгэ цIыкIум» и щыIэкIэр? Абы теухуауэ депсэлъащ абы и унафэщI бзылъхугъэм.***



**- Iэсият, «Адыгэ цIыкIур» къызэрыунэхуамкIэ къыщIэдгъадзэт.**

- Iуэху гуэр щепхьэжьэм деж уи псэм щыщ ибохьэлIэ, уопсыхь, умыщIэххэу къыплъыкъуэкI къарукIэ. Ебгъэжьа Iуэхур зэтеувэху сом лей хэплъхьэурэ узэрегугъуракъым зи гугъу нэхъ щIын хуейр, атIэ а пщIэмрэ блэжьымрэ узэрыщIэгупсысырщ, зэман зэрепхьэлIэрщ, узэрымыжейрщ, узэрелIалIэрщ, зэпымыууэ уи щхьэм зэрилъырщ. ЯпэщIыкIэ ди цIыхугъэм и шхапIэм тхьэмахуэм зэ дыщызэхуэсурэ бзэм теухуауэ дерс едгъэкIуэкIыу къыщIэддзащ. Зэман дэкIри, зы пэш дыщIэтIысхьащ. Ди егъэджэкIэм, сабийхэм бзэр щедгъащIэкIэ къэдгъэсэбэп Iэмалхэм гу лъызыта адэ-анэхэм я цIыхугъэхэми ди хъыбар жраIэрти, сабийхэр нэхъыбэу къытхуашэ хъуащ. Ауэрэ, ди хэщIапIэр тхъуэжащ. Тхьэмахуэ махуэм зыдогъэпсэхури, адрей махуэхэм долажьэ. Дыщылэжьэну пэшхэр зыхэт унэр зейр цIыху зэтетщ, бэджэнд къыщIэтщтэну щхьэусыгъуэр игу ирихьати, зыкъыддригъэкIуащ унэр зей Созаев Ибрэхьим. Быным адыгэбзэр ирагъэщIэну хущIэкъу адэ-анэхэр щыIэщи, абы икъукIэ дыщогуфIыкI. Адэ-анэм цIыкIухэр къыпхуашэр зыщ, езы сабийхэр бзэм зэрыдебгъэхьэхын Iэмал къыпхуэмыгъуэтмэ, Iуэхур кIуэтэнукъым. А Iэмалхэми дегупсысащ, егъэджэныгъэм и пIалъэ зыщIэ егъэджакIуэхэр къедгъэблэгъащ.

Куэдрэ хэкIыпIэ-хыхьэпIэхэм дылъыхъуащ, ауэ къыттехьэлъэртэкъым. Сыту жыпIэмэ, Iуэхум зыгуэр къызэрикIынур къыдгурыIуэрт си щхьэгъусэмрэ сэрэ. Дэ езым ди быныр абы зэрыщIэтпIыкIри щыщт Iуэхум. Сэри арат нэхъри сыкъыщIимыкIуэтыр. «Адыгэ цIыкIум» теухуауэ щхьэгъусэр хуабжьу сэбэп къысхуохъу чэнджэщкIи IуэхукIи. Куэдым щыгъуазэщ, гъащIэм и къэгъэшыпIэхэр ещIэ. IуэхущIапIэм къезгъэблэгъэнIа хъуми, ди лэжьыгъэ здедгъэхьынуIами, хэт Iуэхум къыхэтшэну нэхъ щхьэпэми - псомкIи сочэнджэщ, сыщигъауэркъым. Къармэ Руслан езыр лъэпкъым теухуауэ гудзакъэ зиIэ, лъэпкъым и блэкIам, и нобэм, и пщэдейм худиIэн хуей щытыкIэм фIыуэ хэзыщIыкI тхыдэджщ.

**- Езым и егъэджэныгъэ Iэмалхэр зыгъэбелджыла, зэрырагъаджэ тхылъ зиIэ IуэхущIапIэщ «Адыгэ цIыкIур». «Адыгэбзэ» тхылъым и гугъу уэзгъэщIынут.**

- Узэрылажьэ Iэмалхэр щызэбгъэуIукIэ, зи ныбжькIэ зэхуэмыдэ сабийхэм егъэджэныгъэ Iэмалхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу щахузэхэбгъэувэкIэ, адыгэм диIа джэгукIэхэмрэ дунейм къыщекIуэкI иджырей сабий джэгукIэхэмрэ къыщыбгъэIурыщIэкIэ, уи гъэсэнхэм бгъэдыхьэкIэ-къыдэхьэхыкIэ къащыхуэбгъуэткIэ, егъэджэныгъэ Iэмал щхьэхуэ уиIэ мэхъу. Ар Iуэху пщIыным, уелэжьыным, къэбгъэщIэрэщIэным ухуитыжщ. Аращ дэри тщIар - IуэхущIапIэм ди лъэр уват, адэ-адэхэм дзыхь къытхуащIырт, щIэблэр къытхуэныкъуэти, зэреджэ тхылъкIэ дапэджэжащ. Ди гъэсэн нэхъ цIыкIухэм дазэрыдэлажьэ Iэмал зэгъэуIуам джэгукIэхэр куэду хэтщ. Зи джэгугъуэ сабийм джэгукIэ щIэщыгъуэм хэту и гупсысэм хэппщэфынущ бзэм и хабзэхэр. НэгъуэщIу жысIэнщи, джэгукIэкIэ къыдэпхьэхыурэ щIэныгъэ лъабжьэ ибот. Нэхъ цIыкIухэм я программэм Iэмал имыIэу хэтщ унагъуэм тепсэлъыхьу щебгъасэ, плъыфэхэр, псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ щебгъэцIыху дерсхэр, нэгъуэщIхэри. Адыгэбзэм и макъхэр нэхъ къабзэу къэзыпсэлъхэри, макъхэмрэ хьэрфхэмрэ яджын щIэзыдзахэри - псори адыгэбзэм и дуней телъыджэм хэдгъэгъуэзэну тфIэфIщ.

Тхылъыр къыдэдгъэкIыным дыщегупсысам къеджэкIэрэ тхэкIэрэ ди цIыкIухэм егъэщIэнырщ нэхъ зытедгъэпсыхьар. Адыгэбзэм и хьэрфхэр тхыным и макъхэр къэпсэлъыным сабийр пасэу хэбгъэгъуазэмэ нэхъыфIщ. Сыту жыпIэмэ, сабий садым кIуа цIыкIум урыс хьэрфхэр тынш щохъури, абы тохьэ. Адыгэбзэр щIымыгъуу урысыбзэм и закъуэ еса сабийр адыгэбзэм и тхыкIэ-еджэкIэм тепшэжыныр тыншкъым. Пэжщ, щыIэщ а нэхъ гугъур къыхэзых сабии. СызэреплъымкIэ, къеджэкIэ зыщIэ сабийр жьэрыIуатэбзэкIэ бзэм иримыпсалъэми, и бзэр ещIэ абы - ар гупсысэ гъэтIылъауэ аращи, зы пIалъэ гуэрым носри, тохьэж. Ди тхылъыр щыдгъэхьэзырым, дегупсысащ ди деж ныбжь зэхуэмыдэхэм итхэр къызэрекIуалIэми, сабийхэр тхыгъэ къедгъэджэн папщIэ, сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ къыдэтхьэхын зэрыхуейми, тхылъым къыщытхь псалъэхэр е тхыгъэ кIэщIхэр адыгэ гупсысэкIэм цIыкIухэр тришэн хуэдэу зэрызэхэдгъэувэнуми. Ди «Адыгэ цIыкIум» щылажьэ Жэнкъазы Аринэ куэду къыздэIэпыкъуащ тхылъыр зэхэгъэувэнымкIэ. Аринэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмкIэ и къудамэр фIы дыдэу къиухащ. Бзэр яджу, и хабзэхэм щыгъуазэу цIыху куэд къыддэIэпыкъуащ, я чэнджэщрэ еплъыкIэрэ къыджаIэу. «Чэнджащэ щыуэркъым» жыхуиIэрати, тхылъыр щыттхым, дыкъэувыIэурэ, дычэнджэщащ. ЕгъэджакIуэ Къумахуэ Маринэ, тхакIуэ Мэлей ФатIимэ, ди «Адыгэ цIыкIум» щылажьэ Щомахуэ Алёнэ сымэ хуабжьу къыздэIэпыкъуащ.

Ди унагъуэр щапхъэу къэзгъэлъэгъуэнщи, япэ классым щеджэ щIалэ цIыкIур адыгэбзэкIэ къеджэфу курыт еджапIэм щIэдгъэтIысхьэнымкIэ «Адыгэбзэ» тхылъыр сэбэпыншхуэ къытхуэхъуащ. Макъри тыншу къыхуопсэлъ, хьэрф зэгуэтхэр ецIыху, къызэджэм и мыхьэнэр къыгурыIуэ.

АдыгэбзэмкIэ тхылъ къыдэкIыху согуфIэ. Дэтхэнэми мыхьэнэ иIэщ сабийм и бзэм зиужьынымкIэ: язынысъуэхэр сэбэпщ тхэкIэ егъэсэнымкIэ, нэгъуэщIхэр къеджэным нэхъ тещIыхьащ, щыIэщ хабзэм нэхъ тегъэпсыхьахэри. Къызыхэпхын уиIэну фIыщ, жыхуэсIэщ - нэгъуэщIхэм адыгэбзэкIэ къыдагъэкI тхылъхэми дащогуфIыкI.

Тхылъ къыдэгъэкIыным ахъшэшхуэ токIуадэ. Зэхэгъэувэныр къыдэхъулIами, къыдэгъэкIыныр тхуэзэфIэкIынтэкъым, грант къыдамытамэ. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и грантым дыхэхуэри ди тхылъри къыдэдгъэкIащ, IуэхущIапIэм дызыщыхуеину техники, зэрыджэгу хьэпшыпхэри, сабийхэм дазэрыдэлэжьэну Iэмэпсымэхэри, шэнт - стIолхэри зэдгъэпэщащ. Абы теухуауэ фIыщIэшхуэ хузощI министр Рахаев Борис. Грантыр къызэрыдгъэсэбэпам, ди гъэсэнхэм къахузэдгъэпэщахэм еплъащ министерствэм и лэжьакIуэхэр.

**- «Адыгэбзэ» тхылъыр сурэтхэмкIэ екIуу къызэгъэпэщащ. Сабийхэм я дежкIэ абы мыхьэнэ къызэрымыкIуэ иIэщ...**

- Сурэтыщlу щы елэжьащ тхылъым: Нэгъуей Iэминэ, Къармэ Лянэ, Вэрокъуэ Инал. Тхылъым тхыгъэкIэ къыщыхьа гупсысэхэр сурэт зэмыфэгъухэмкIэ щIэгъэбыдэжащ. Сурэт дахэ Iэмал имыIэу итын хуейщ сабий тхылъым - аращ япэрауэ ар къыдэзыхьэхыр. Абы ит сурэтхэр адыгэ шыфэлIыфэрэ щэнрэ къэзыгъэлъагъуэщ. ЩIыуэпсым и теплъэ итми, унэлъащIэ къыщыгъэлъэгъуами, щыгъынхэри, зэрыджэгу хьэпшыпхэри - псори лъэпкъым ехьэлIащ. Ар къэгъэлъэгъуащ е тхыпхъэкIэ, е дамыгъэкIэ, е хьэпшыпым и щIыкIэкIэ.

**- ЩIэныгъэ лэжьыгъэщIэ фиIэ?**

- Мы зэманым адыгэбзэмкIэ Iэрытх цIыкIу догъэхьэзыр ди егъэджакIуэ пщащэ Тэтэр Iэминэрэ сэрэ. Сабийхэм я Iэпэр хьэрфхэр тхыным хуигъэхьэзыру, ар зыгъэгупсысэн жыIэгъуэ, псалъэжь хуэдэхэр къыщыхьауэ, сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэр хэту, Iэрытхыр зыIэрыхьэну цIыкIухэм яцIэлэжыну сурэтхэри иту, цIыкIухэр зыгъэгупсысэн лэжьыгъэхэр дэщIыгъуу зэгъэпэщауэ къыдэдгъэкIын ди гугъэщи, дегугъуу долэжь.

**- «Адыгэ цIыкIум» и логотипыр хуэкIуэ дыдэу къысщохъу...**

- IуэхущIапIэу дыщыIэну хуитыныгъэ диIэн папщIэ дэфтэрхэр щызэхуэсхьэсым щыгъуэ, къэзгъэлъэгъуэн хуейт дыкъращIэну зы дамыгъэ. Унэ цIыкIуурэ къэдгъэлъэгъуащ ар. «Дэнэ ущыIэми, уи бзэр зыщумыгъэгъупщэ» жиIэу къидгъэкIыу аращ. Тхылъыр къыщыдэдгъэкIми дамыгъэр хэдгъэуващ, ди сурэтыщIым ищIауэ.

**- Психолог IэщIагъэ узэриIэр уи IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр екIуу гъэпсынымкIэ сэбэпу къыщIэкIынущ.**

- Сыт хуэдэ Iуэху зеппщытми, абы дахагъэрэ гуапагъэрэ хэлъхьэн хуейуэ къызолъытэ. IуэхущIапIэ щыхъукIэ, зэпымыууэ псори зэпэщу екIуэкIыркъым, лъэпощхьэпои ухуозэ, гугъуехьхэми хэкIыпIэ къахубогъуэт, къалэн щхьэхуэхэри уи пщэ дэплъхьэжурэ уокIуэ. СызэреплъымкIэ, гугъуехьхэр къэбгъэIун хуейкъым - ахэр езы IуэхущIапIэм зэпэщ щыбощIыж, лъэпощхьэпор яжьэхэбгъауэркъым цIыхухэм.

Псом нэхъыщхьэр ди лэжьыгъэм дзыхь къезыгъэзхэрщ. ЗадыдогъэкIу, я быныр къыщашэну зэманым, къыхах дерсым, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми теухуауэ зыхуейхэр къыджаIэри, мис абы нэхъ тещIыхьауэ догъэбелджылы программэр.

**- «Адыгэ цIыкIухэм» хьэщIэ я куэдщ...**

- Республикэм щыпсэу цIыху цIэрыIуэхэр къахудогъэблагъэ ди сабийхэм щIэхщIэхыурэ. Гъуазджэм, литературэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм епха цIыхухэр я IэщIагъэм теухуа щэхухэм топсэлъыхь, сабийхэм упщIэхэр кърат, сурэт щIыным, пщэфIэным, шыкIэпшынэ еуэным, арджэн щIыным, егъэджэным нэхъыщхьэу гу зылъытапхъэу хуейуэ хэлъхэр къыжраIэ. Сыт щыгъуи зы гупсысэм дыхуокIуэж - бзэр хъумэн зэрыхуейм. Къедгъэблэгъащ сурэтыщI Црым Руслан, арджэн зэIузыщэ Мэзло Руслан, пщафIэ Бэшорэ Залинэ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэ Къэбарт Астемыр, шыкIэпшынауэ Еуаз Зубер, нэгъуэщIхэри.

**- АдыгэбзэмкIэ дерсхэм нэмыщI, сабийхэр хувогъасэ адыгэ IэщIагъэхэми...**

- «IэпщIэлъапщIэ», «IэпэIэсэ», «шыкIэпшынауэ» IэщIагъэхэм хуезыгъаджэхэр диIэщ. Адыгэм нэхъ пэгъунэгъу дыдэ IэщIагъэхэм ящыщщ мыхэр. Ари бзэм, хабзэм, щэнхабзэм щыщщ, лъэпкъ хьэл-щэным щIэблэр щIэзыпIыкIщ. Мыпхуэдэ зы Iуэхугъуи щыщыIэщ а IэщIагъэхэм гулъытэ щIахуэтщIым теухуауэ: мы дызыхэпсэукI зэманым ди сабийхэр я IэмкIэ зыгуэр ящIэфу, IэкIуэлъакIуэу егъэсэным нэхъ тедгъэщIэн хуей мэхъу. Нэхъапэм апхуэдэтэкъым, сыту жыпIэмэ, а псори езы-езырурэ тщIэрт, гъащIэм хэтт, унагъуэ Iуэхухэм ящыщт. НэгъуэщIу жысIэнщи, унагъуэ Iуэхухэм къадэкIуэрт Iэпкълъэпкъым, акъылым зауужьыныр. Псалъэм и хьэтыркIэ, дэ ди сабиигъуэм е щIалэгъуэм хадэм куэдрэ дилэжьыхьырт, жэм къэтшырт, мэкъу Iэнэ тщтэрт, пхъэщхьэмыщхьэ къыпытчыжырт, фэилъхьэгъуэ ддырт.

«IэпэIэсэм» къакIуэ пщащэ цIыкIухэм тхыпхъэхэр Iуданэ кIи щыгъэкIи хадэкIыу, хъуржын, чысэ цIыкIухэр, пщампIэтелъхэмрэ Iэщхьэтелъхэмрэ, бгъэIулъхэр яду, матэ цIыкIухэр ящIу зыщагъасэ. МастэIуданэхэр, щыгъэ зэмыфэгъухэр, щэкIхэр, зэрыдэ машинэр - къагъэсэбэпыну псори диIэщ. Ди IэпщIэлъапщIэ цIыкIухэр йолэжь пхъэм, фэм, гъущIым. Зыгъасэр ядэIэпыкъуурэ, абыхэм ящIащ щыгъын фIэдзапIэ, шэнтхэр, тхылъ телъхьэпIэ, нэгъуэщIхэри. Ди блыным фIэлъ сурэтхэри абыхэм я IэрыкIщ.

**- Зэпымыууэ Iуэху фыхэтщ, зэIущIэхэм, зэпеуэхэм факъыщыхощ. Зы Iуэхугъуэ къахэбгъэщхьэхукIын хуей хъумэ, ар сыт хуэдэ?**

- 2025 гъэм «Вершина» урысейпсо зэпеуэшхуэм дыхэтащ, ди «Адыгэ цIыкIу» IуэхущIапIэр щIэблэ гъэсэнымкIэ Кавказ псом нэхъыфIу къыщалъытащ. Ар дэркIэ пщIэщ, адэкIэ дефIэкIуэным дытезыгъэгушхуэщ.

*Епсэлъар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

**● Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ**

# НэгузыужьыпIэхэр зрегъэлъагъу

**«Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа IуэхугъуэхэрIуащхьэмахуэ районым зэрыщагъэзащIэр къипщытэну иджыблагъэ абы щыIащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Быф Аскэр.**



АБЫ зригъэлъэгъуащ лъабжьэ зиIэ ухуэныгъэу щымыт, псынщIэу зэпкърыплъэ-зэпкърыпхыж, бгъэIэпхъуэ хъу модульнэ хьэщIэщхэр щIыналъэм зэрыщагъэувым. Мыбдежым, зэрыжаIэу, лэжьыгъэм щигуащIэгъуэу аращ.

Апхуэдэуи, министрым зыщигъэгъуэзащ Тызыл аузым щыIэ нэгузегъэжьыпIэмрэ хьэщIэщ комплексымрэ хыхьэу абы щаухуэ, жэщ-махуэ имыIэу лэжьэну бассейным и Iуэхур здынэсам. Мурад щыIэщ мы гъэм накъыгъэм и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу ар ирагъэжьэну.

Бассейнри комплексри яухуащ лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи нэгъабэ щегъэжьауэ туристхэр иригъэблэгъэн щIидзащ хьэщIэщым.

Мыдрейуэ, 2027 гъэм ирихьэлIэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэм пэхуэщIэу 17 щагъэзэщIэн мурад щыIэщ. Абыхэм я фIыгъэкIэ, районым и хьэщIэщхэм я пэш бжыгъэм 194-рэ къахэхъуэнущ икIи а Iуэхугъуэхэм субсидие ахъшэу псори зэхэту сом мелуан 240-рэ хуаутIыпщынущ.

ЩыIэ программэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, абы и процент 50-р хьэрычэтыщIэхэм, адрейр - къэралым къабгъэдэкIынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.

**Гъэрэ щIырэ нобэ зэхокI**

# Мамырыгъэ къытхуэхь, гъатхэ дахэ!

*ФIэхъус апщий, щIылъэр*
*гуфIэу*
*Зи IэфIагъэм дэуша,*
*Бзу гуфIахэр зи пшыналъэу*
*Дунейр гуапэу зытепса!*

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий**



Дунейм и щIэрэщIэгъуэу къалъытэ гъатхэр. ЩIымахуэ кIыхьым иужькIэ (мы гъэм апхуэдэщ диIар) дыкъэзыухъуреихь дунейр, щIыуэпсыр «къыщыушыж» а лъэхъэнэм куэдым ирапх мурадыщIэхэр, гугъэщIэхэр, хъуэпсапIэщIэхэр. Дыщогугъ абы Iэмалыщlэхэмрэ хэкIыпIэщIэхэмрэ къытхудэкIуэну, гур зыгъэфIын, псэр зыгъэтыншын зэхъуэкIыныгъэфIхэр къытхуихьыну.

ЩIы хъурейм тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ адыгэхэм ди гъащIэр нэхъапэм мэкъумэш щIэным, Iэщ зехуэным теухуауэ щытти, абыхэм ехьэлIа Iуэхугъуэ псоми зрагъэужьырт. Ар Iупщlу щынэрылъагъущ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къыддекIуэкI хабзэхэмрэ ди лъэпкъ хьэлымрэ. Абыхэм хеубыдэ ди махуэрыбжэри.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ МафIэдз Сэрэбий и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ цIэрыIуэхэм къызэрыхэщыжымкIэ, адыгэм ипэкIэ илъэсыр Iыхьитlу ягуэшу щытагъэнущ – гъэрэ щIырэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, гъэмахуэ пIалъэрэ щIымахуэ пIалъэрэ. Абы и щыхьэту къыщIэкIынщ нобэ ди гъащIэм хэт псалъэухар: «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ». Нэхъ иужьыIуэкIэ илъэсыр пIалъиплIу ягуэш хъуащ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щIымахуэ. Мыбыхэм дэтхэнэ зыми мазэ щырыщ яубыдырт. Мазэм махуэ 30, ауэ щыхъукIэ, илъэсым махуэ 360-рэ къриубыдэу апхуэдэт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, илъэс къэс махуэ зытхух къыдидзэрт. Ахэр адыгэхэм тхьэлъэIу махуэхэу къалъытэу щытащ. Апхуэдэ тхьэлъэIу махуэхэм ящыщт гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуищыр, IутIыж, вакIуэдэкI, вакIуэихьэж, удзыпсзэутх, гъубжэдэх, Созэрэщ и тхьэлъэIу, Тхьэшхуэгухьэж, хъуромэ махуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дунейм и щытыкIэм хуэнабдзэгубдзаплъэ нэхъыжьхэм гу нэхъ зылъатэр дыгъэм, мазэм, вагъуэхэм я щытыкIэрт. Псалъэм папщIэ, дэтхэнэ къуажэми зы бгыщхьэ е Iуащхьэ, жыг хута гуэрхэр яIэти, абыхэм я щхьэщыгум дыгъэр къиувамэ, къулъшыкъу, къулъшыкъушхуэ, шэджагъуэ хъуащ, жаIэрт. Унэхэм я гупэхэр къуэкIыпIэм нэхъ хуэгъэзауэ щытти, бжэ, щхьэгъубжэ дазэхэм къыдидз дыгъэ бзийхэмкIэ къащIэрт махуэм и пIалъэхэри. Махуэм и кIуэцIкIэ мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщт дыгъэм, ар зытепсэхэм ядз ныбжьхэм. Жэщым гъуазэу къагъэсэбэпырт вагъуэхэр, вагъуэбынхэр.

Апхуэдэу илъэсыр IыхьиплIу зэрагуэшыр адыгэхэм ирапхырт «ВагъуэбэкIэ» зэджэ вагъуэбыным. Ди анэдэлъхубзэм къыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жыIэгъуэхэр: «Вагъуэбэр щIым къыхэкIащ», «Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъащ», «Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьащ», «Вагъуэбэр щIым хыхьэжащ». Мы псалъэухахэм ящыщ дэтхэнэми мыхьэнэ пыухыкIа иIэт икIи гъэм и зэман хэхам епхауэ жаIэрт.

Вагъуэбэр щIым къыхэкIауэ къыщалъытэр гъатхэм и деж махуэхэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъу зэманырт. Иджырей ди махуэрыбжэм тепщIыхьмэ, 2026 гъэм ар зыхуэзэр гъатхэпэ мазэм и 20-рщ.

Нэхъапэм щыгъуэ а махуэр Iэтауэ ягъэлъапIэрт. ИлъэсыщIэр къыщихьэу къалъытэ а зэманым теухуауэ унагъуэ къэс мафIащхьэтыхь (иужькIэ «мафIащхьэ джэд» жаIэ хъуащ) ящIырт, гъэфI кърритыну Тхьэм елъэIурт, щIалэгъуалэр хъуромэ джэгурт, къуажэбгъухэм гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр къыщызэрагъэпэщырт. Пшапэр зэхэуа нэужь, зи дэкIуэгъуэ пщащэ цIыкIухэм джэш ядзырт, пIэщхьагъ зыдагъуэтыну щауэр къащIэн мурадкIэ. Сытми, нэжэгужэу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу махуэр ягъакIуэрт.

Мы псоми: щIыуэпсым и щытыкIэмрэ дыгъэм и къепсыкIэмрэ, мазэм игъуэта теплъэмрэ вагъуэхэм я зэхэувэкIэхэмрэ ятепщIыхьмэ, нобэ Вагъуэбэр щIым къыхокI. Гъатхэм и Iэдий щхъуантIэхэм щIылъэм хуиту зыщаукъуэдиинущ дяпэкIэ. ДэнэкIи щыIунущ гъатхэм и бзэ дахэр, зэхэзых псори: цIыхуи, удзи, псэущхьи – щыгуфIыкIыу, дунейр «къыщыушыж» мы зэман дахэм гугъапIэщIэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ хуагъэпсу.

Дэри аращ Къытщхьэщытым дыщIелъэIур. Гъэ бэв диIэну, лъэхъэнэщIэ дызытехьэр угъурлыуэ къытхущIэкIыну, фIыгъуэ куэд къытхудэкIуэну, иужьрей илъэсиплIым зэрыт щытыкIэ хьэлъэм къэралыр къикIыну, зэрыхьзэриймрэ зауэбанэмрэ дунейр зэщIамыщтэну, гухэщIрэ махуаерэ димыIэу, узыншэу етIанэгъэ пIалъэ дынэсыну Тхьэм жиIэ.

Мамырыгъэ къытхуэхь, гъатхэ дахэ! Аращ ди хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Нэхумрэ кIыфIымрэ зэхуэдэ щыхъу

**ЩIыуэпсым и зыхъуэжыкIэм кIэлъыплъ еджагъэшхуэхэри цIыху къызэрыгуэкIхэри дрищыхьэту, «ЩIым и махуэ» зыфIаща Iуэхугъуэхэр ди планетэм тет къэралхэм я нэхъыбэм гъатхэпэм и 20 – 22-хэращ щрагъэкIуэкIыр.**

АТIЭМИ, дызэрыт илъэсым и япэ Iыхьэм дыгъэм и нэхури жэщым и кIыфIри я кIыхьагъкIэ зэхуэдэ щыхъур гъатхэпэм и 20-рщ. Абы къыкIэлъыкIуэ махуэ бжыгъэм къриубыдэу, цIыху набдзэгубдзаплъэхэми гу зэрылъатауэ, щIыуэпсым и щытыкIэм хэпщIыкIыу зехъуэж. Астрономие щIэныгъэм къызэрихутауэ, абы щыгъуэщ ди планетэм ищхъэрэкIэ щыIэ и Iыхьэм гъатхэр ипэжыпIэкIэ къыщихьэу къэтлъытэ щыхъунури.

ЗэрытщIэщи, ЩIы Хъурейм щыпсэухэм зэманым и пыбжыкIэр къыщыщIадзэн хуейуэ еджагъэшхуэхэм ягъэувар Лондон и Гринвич щIыпIэм деж дыгъэр къызэрыщызэщIэувэм тещIыхьауэщ. Дызэрыт илъэсым «гъэрэ щIырэ» жыхуаIэр абдежым щызэхэкIыу къалъытар гъатхэпэм и 20-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 45-рэ секунд 14 ирихьэлIэуэщ. Абы щыгъуэ ди къэралым и къалащхьэм зэманыр зэрыщыхъур сыхьи 17-рэ дакъикъэ 45-рэ секунд 14-щи, аращ гъэрэ щIырэ щызэхэкIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэми къэдбжыпхъэр (пэжым дрителъхьэмэ, сыхьэт иримыкъу нэблагъэкIэ япэ диту).

Ди лъэпкъэгъухэри ящыщщ гъатхэпэм и 20 - 22-р илъэсыщIэр къыщихьэ лъэхъэнэу къэзыбжхэм. АтIэми, мыр, къызэрыхэдгъэщащи, ЩIы Хъурейр тIууэ изыщIыкI и щIэлъэныкъуэу ищхъэрэкIэ щыIэм дежкIэ гъатхэ къихьэгъуэщ. Ар къагъэлъагъуэу, ООН-м и штаб-фэтэру Нью-Йорк къалэ дэтым илъэс къэс гъатхэпэм и 21-м Мамырыгъэм и тхьэгъушыр къыщоуэр.

Физикэ, астрономие щIэныгъэхэр мы зэблэкIыгъуэм зэрыхущытыр зэхэдгъэкIыну дыхуеймэ, дигу къидгъэхьэжыпхъэщ дызытес ЩIыгур зэкIэрэхъуэкIыж и джэлэсым и зыгъэзэкIэр Дыгъэм и хъуреягъкIэ къызэрыщилъэтыхь и уэрдыхъум зэрыхуэлъэныкъуабэр. Аращ и щхьэусыгъуэу къэуври гъэмахуи щIымахуи ди планетэм зэрыщызэрихъуэкIым. Сыту жытIэмэ, Дыгъэм здекIэрэхъуэкIым ди планетэм къытепсэ бзийхэм, гъэм и зэманым елъытауэ, зэми нэхъ лъахъшэ защI, мыдрейхэм дежи нэхъ лъагэу заIэт.

## Махуэм и нэщэнэхэр

♦Пщэдджыжьым дыгъэр къыкъуэкIамэ, и бзий дыхьэрэнхэмкIэ къыдэгуэпылIамэ, ар нэщэнэ дахэщ гъатхэр ипэжыпIэкIэ къызэрихьамкIэ. А махуэм уэгум ит пшэхэм псынщIэу зыщагъазэмэ, гъэмахуэр хуабэнущ, абы иужь ит бжьыхьэри зэгърэ шэчыгъуафIэу къытхущIэкIынущ.

♦Лъапсэ зиIэхэм я хадэм е я пщIантIэм деж мафIэшхуэ щызэщIащIэрт, зэрамыхьэж е жьы хъуа хьэпшыпхэр ягъэсын папщIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIи жьыр ирагъэжьэжу, щIэр гъуэгу трагъэхьэу ябжырт. МафIэ бзийм щеплъкIэ, пщIащэ къыпыщэщыжахэр е щхъуэкIэплъыкIагъэ зыхидзахэр хаутIыпщхьэурэ, къэкIуэну дахэ зэраIэнум я гупсысэр траухуэрт. Тхьэмпэхэр псынщIэу хисхьамэ, зыгъэгузавэ Iуэхухэр хэзыдзам щIэх дыдэу щхьэщыкIыну ябжырт.

♦Махуэм и кIыхьагъкIэ цIыхухэр нэхъыбэрэ жьы къабзэм хэтт, гугъэзэгъэгъуэ зэрызызрагъэгъуэтыным хущIэкъуу. ЩIэх-щIэхыурэ затхьэщIырт, загъэпскIырт, псым щIэлъ къарур нэхъ къапкъырыхьэу, и сэбэп нэхъ къекIыну къалъытэрти.

♦ЦIыхум зэман блэкIам нэхъ къехъулIауэ къилъытэхэр зэпилъытэжырт, тхылъымпIэм тритхэрт.

♦Унагъуэм исхэм а махуэм хьэщIэ къахуэкIуамэ, ар нэщэнэфIу ягъэувырти, нэхъыбэжу щыгуфIыкIырт.

♦Лей къатезыгъэхьауэ е я жагъуэ къэзыщIауэ щытахэм хуагъэгъурт, ар яхузэфIэмыкIынумэ, ягу зэрырагъэхужыным яужь итт.

♦КIыфIымрэ нэхумрэ я кIыхьагъыр щызэхуэкIуэ пIалъэм хуэзэу, цIыхум и гупсысэр триухуэрт псэ къабзэ-гу къабзэкIэ нэхъ зыхущIэкъум, зыщIэхъуэпсым, абы иужь махуэхэм ахэр нэхъ къехъулIэну къибжырти...

## А махуэм, тхьэгурымагъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, хуэсакъыпхъэщ:

- нэгъуэщIым щыхьэным, узэрыхуэмыарэзыр къебгъэщIэным, Iей уигу къыхуэкIыным;
- гъащIэр зэрыбгъакIуэр уигу зэрыримыхьым, гугъуехьу хэплъагъуэхэм уи гупсысэр теубыдэным, къомыхъулIам куэдрэ тепсэлъыхьыным;
- удэIэпыкъункIэ къыпщыгугъыу зыкъыпхуэзыгъазэм щхьэусыгъуэншэу зыпыIудзыным;
- махуэ псор Iуэхуншэу епхьэкIыным, лъэхъэнэщIэм и пэщIэдзэм жыджэру ущытын зэрыхуейм къыхэкIыу.

## И егъэкIуэкIыкIэм теухуауэ

Ди планетэм ищхъэрэкIэ щыIэ и Iыхьэм щыпсэухэм, зи гугъу тщIы махуэхэм къыщыщIэдзауэ, къэзыухъуреихь Iэхэлъахэм гъатхэм и кIыхьагъкIэ гулъытэ хуащI: уэрамхэмрэ я лъапсэхэмрэ зэлъыIуах, ягъэкъабзэ, жыгхэмрэ къуацэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щыхасэ, щIыуэпсым и щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ къэралым, жылагъуэм къыщрахьэжьэ Iуэхухэр даIыгъ.

«ЩIым и махуэм» ирырагъэхьэлIа лэжьыгъэхэр къэзыублэхэм пщэрылъ нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжыр дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр псоми ди зэдай къалэну зэрыщытыр дэтхэнэми, псом хуэмыдэжу къытщIэхъуэ щIэблэм, зыхегъэщIэнырщ икIи абы теухуа Iуэхухэр егъэкIуэкIынырщ.

## Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ

ЯпэщIыкIэ «Жыгым и махуэ» зыфIащу дунейм къытехьауэ щытар «ЩIым и махуэ» щыхъужар 1970 гъэращ. АбыкIэ жэрдэмыр ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм къыхилъхьат.

Урысей Федерацэм ЩIым и махуэр гъэлъэпIэн щыщIадзар 1998 гъэращ. Мамырыгъэм и тхьэгъушыр япэу къыщагъэджар 2008 илъэсырщ. Абдежым къыщегъэжьауэ «ЩIым и махуэ» зыфIащауэ планетэм тIу щыдиIэщ. Япэр зытрагъахуэр гъэрэ щIырэ щызэхэкIырщ, етIуанэр мэлыжьыхьым и 22-рщ.

Ди къэралым ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, УФ-м и Къэрал Думэм ЩIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ экологиемкIэ и комитетым, Урысейм и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ палатэм, властым и федеральнэ нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэми а махуэм гулъытэ хэIэтыкIа хуащI икIи ар гъэ къэс цIыхубэм даIэт.

А псом къадэкIуэуи дигу идгъэлъыпхъэщ ЩIы Хъурейр хъумэнымрэ гъэщIэрэщIэнымрэ хуэгъэза Iуэхухэм пIалъэ хэгъэунэхукIа зэрамыIэр. Ауэ щыхъукIи, дыкъэзыухъуреихь дунейм гулъытэ хэха хуэтщIыным, гудзакъэ тхэлъу дыхущытыным ехьэлIауэ гъатхэм яублэ лэжьыгъэ дахэхэрщ «ЩIым и махуэ» зыфIэтщ хъунури.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## Гъатхэ

*Усэхэр*

**Гъатхэ жьыбгъэр шындэбзийм**
**Щоуэ Iэпэпшынэ**
**ЛъапэпцIийуэ дыгъэ бзийм**
**КъыщекIухь ди унэ**
**Къабзэу зитхьэщIащ дунейм.**
**Хьэблэр зэщIохъуае.**
**Къуалэбзухэр пызщ ди дейм -**
**ЩхьэкIэр щIагъэхъуае.**
**Сэ ди пэшым сыкъыщIокI,**
**СыкъыдокI ди пщIантIэм.**
**ГуфIэу си гур бгъэм къысфIокI,**
**СфIокIуэ губгъуэ щхъуантIэм.**
**Къыхеху бахъэр уэру щIым -**
**ЗэхокI гъэрэ щIырэ.**
**Уэс кIэкъинэр хъуауэ щым**
**Магъыр, зым къимыщIэу.**
**СыкIэлъокIуэ сигу ежьам,**
**Iуэхум нэр къыхуокIыр.**
**IитI лэжьыгъэм хуэзэшам**
**ЕзгъэщIэнкъэ лъэкIыр!**
**Iуэхуншэныр сыту гугъу,**
**Сыту фIы лэжьыгъэр.**
**Зы Iуэху гуэрым емыгугъу щыIэм,**
**Си гур хуабжьу щIогъур**

## Хъуромэ

*Уэрэд*

**Уэ хъуромэ хъуромэ - (ойрэ)**
**Уэ хъуромэ машэ - (ойрэ)**
**Уэ хъуромэ баш - (ойрэ)**
**Уэ куэбжэрыкIуэ - (ойрэ)**
**Уэ куэбжэмахуэ - (ойрэ)**
**Уэ бжэ благуитI - (ойрэ)**
**Къыхьбаш ныхесэ - (ойрэ)**
**Къыхь уэхъу мэусэ - (ойрэ)**
**Псэр егъэхъуапсэ - (ойрэ)**
**Хъуапсэр епсыхь - (ойрэ)**
**Уэрирэ**
**Уэ матэ, Уэ мазэ**
**Мэзешэ, мэзеплъэ**
**Мэхъуахъуэ, тхьэрыхъуэ,**
**Тхъурыбзэ**
**Уэ махъуэ, уэ мабжэ**
**Уэ маджэ, мэджэгу.**
**Тхьэгъэлэджу мэгугъэ - (уэрщи дадэ)**
**ЗэфIогъагъэ мэгугъэ - (уэрщи дадэ)**
**Гъавэ бэву мэгугъэ - (уэрщи дадэ)**
**Захуэпабгъэ мэгугъэ - (уэрщи дадэ)**
**ЛIыгъэ щыгъэу мэгугъэ - (уэрщи дадэ)**
**Лъагъуныгъэу мэгугъэ - (уэрщи дадэ)**
**Дыгъэ тыгъэу мэгугъэ - (уэрщи дадэ)**
**Тхьэр махуищэу мэгугъэ**
**Зы, тIу, щы ээээ эса!**




**● Шхыныгъуэхэр**



## Бжэныщэрэ шэ хуабэрэ

Бжэнылыр адыгэхэм бегъымбар шхыну ябжырт, абы и фэри нэмэзлыкъ ящIу щытащ. Бжэныщэ гъэвэжагъащIэр хывышэм е бжэнышэм халъхьэри мафIэ цIыкIум трагъэувэ, зэIащIэурэ дакъикъэ зытхухкIэ къытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ къытрахыжри и хуабагъыр градус 30 - 35-рэ хъуху ягъэупщIыIу. Шэ хуабэр шха нэужь трафыхьыжу аращ. Мы хущхъуэгъуэр щызрахьэлIэм и деж ерыскъы пщтырыщи щIыIэ дыди яшхыни ефэни хуейкъым. Мыр нэхъ зи хущхъуэгъуэу ябжыр зи бгъэм щIыIэ хыхьахэмрэ жьэн уз зиIэхэмрэщ. Сымаджэм тэмэму зрихьэлIэмэ мазитI-мазищым хъужын хуейщ.

***Халъхьэхэр:***
бжэнышэу е хывышэу - грамм 1000,
бжэныщэ гъэвэжауэ - грамм 200.

## ЩIыдэ хьэлыуэ

Тхъу къэплъа зэрыт шыуаным, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, щIыдэ (арахис) гъэгъуа хьэжа хакIутэ. МафIэр цIыкIу ящIри, зэIащIэурэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ ягъажьэ, хьэжыгъэр тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрах, фошыгъупс пщтыр хакIэри, бэлагъкIэ япщ, къыркуэ хэмылъу псори зэхэзэрыхьыху. Хьэлыуэ жьар зэрыпщтыру шыуаным кърах, тхъу зыщыхуа Iэнэм тралъхьэри, я Iэр псы щIыIэм хащIэурэ зэпэплIимэу яубэ, и Iувагъыр см 2 - 2,5-рэ хъууэ. Яуба хьэлыуэр хуабэ щIыкIэ IупщIэурэ яупщIатэ.

***Фошыгъупсыр зэращIыр:*** псы хуабэм фошыгъур хакIутэри зэIащIэурэ ткIуху, дакъикъэ 14 - 15-кIэ, ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ, бинткIэ языж.

***Халъхьэхэр:***
щIыдэ хьэжауэ - грамм 900,
тхъууэ - грамм 200,
фошыгъуу - грамм 450-рэ,
псыуэ - грамм 500.



*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

**● Сабий джэгукIэхэр**

# Тхьэмадэ банэ

Адыгэхэм нэхъыфI дыдэу ялъагъуу щыта бэнэкIэщ. Къуажэ-къуажэкIэ, хьэблэ-хьэблэкIэ гуп хахрэ зэбэну щытащ. Ауэ щIалэ цIыкIухэр къызэрылэурэ, гупитI защIу щызэбэнри нэхъыбэт. Гупхэм хэтхэр щызэбэнкIэ нэхъыщIэ, нэхъ гуащIэмащIэ цIыкIухэмкIэ къыщIадзэрт. А тIум зыр тридзамэ, а традзам и гупым щыщу къыкIэлъыкIуэр къыхэкIырти, а тезыдзам къебэнырт. Ари тридзэрэ – ещанэр къакIуэрт. А ещанэм мыдрейхэм я щIалэ цIыкIур къытридзамэ, абы я етIуанэр ебэнырт.

Апхуэдэурэ гупитIыр зобэн. Дэтхэнэ зыми и къалэнщ нэхъыбэ тридзэфмэ, тридзэну, и тхьэмадэр нэхъ мащIэм ебэныну къыхуигъэнэну. Къэхъурт къызэрыгуэкI бэнакIуэм адрейхэм я тхьэмадэр тридзэу, езым и тхьэмадэр зэбэнын къэмынэххэу. А щIыкIэм тету традза тхьэмадэр, дауи, етIуанэ гъуэгу тхьэмадэу хахыжыртэкъым. Псом хуэмыдэу жылэжылэу щызэбэнкIэ.

Къэхъурт тхьэмадитIыр зэрыщытемыгъакIуэ. Апхуэдэм деж етIуанэ, ещанэ махуэхэми пащэнкIэ хъунут е, зэрытегъэдзакъым, жаIэу щызэбгрыкIыжи щыIэт.



**● Хъыбар**

## Хэт и къуэр нэхъыфI?

ФызитIым псыкъуийм псы кърахырт. Абыхэм ещанэр къабгъэдыхьащ. Абдеж япэгъунэгъуу щылъ мывэм зигъэпсэхуну къытетIысхьащ зы лIыжь.

Арати, зы фызым адрейм жреIэ:

- Си къуэр бланэщ, Iэмалшыщи, зыми хигъэщIэфынукъым.

- Сэ си къуэм жэнэтбзум хуэдэу уэрэд жеIэ. Апхуэдэ макъ зиIэ щыIэкъым, - жеIэ адрейм.

Ещанэр щымщ.

- Уэ зыри жыпIэркъыми уи къуэм щхьэкIэ, - жаIэ фызитIым.

- Сыт жысIэн, - и дамащхьэр дрегъэуей фызым. - СыщIыщытхъун бгъэдэлъу сщIэркъым абы.

Я пэгунхэм псы изу кърагъахъуэри, фызищри ежьэжащ. ЛIыжьри абыхэм яужь иувауэ макIуэ. КъоувыIэ фызхэр, загъэпсэху. Тыншкъым мо пэгун изхэр пхьыну, я Iэхэр егъэуз, я бгыр еIуантIэ.

Асыхьэтым ялъагъу щIалэ цIыкIуищ къажэу.

Зым зыщхьэпредз, шэрхъыу зегъэкIэрахъуэ – фызхэр ягъэщIагъуэу йоплъ.

Адрейм уэрэд жеIэ, къызэролъэлъ жэнэт бзууэ. Дихьэхауэ йодаIуэри щытщ фызхэр.

Ещанэр и анэм къыбгъэдэлъэдауэ, пэгун хьэлъитIыр къыIех ихьыну...

**● Тхыдэм уриплъэжмэ**

## Гроссмейстер нэхъ щIалэ дыдэ

Фишер Бобби илъэс 13 фIэкIа мыхъуауэ 1957 гъэм шахматхэмкIэ чемпион щыхъуауэ щытащ США-м. XX лIэщIыгъуэм къыхэна шахматист нэхъ ехьэжьахэм ящыщщ ар.

Илъэс 13-м иту и ныбжьхэм я деж щытекIуащ, иужькIэ 1957 гъэм США-м и чемпион нэхъ щIалэ дыдэу къалъытащ. Аргуэру зы илъэс дэкIа нэужь, шахматым и тхыдэм хэта гроссмейстер нэхъ щIалэу къалъытащ.

* * *

Мексикэм и ипщэ лъэныкъуэм щыIэ Монте-Альбан археологие заповедник зэхэщэщэжам XIII лIэщIыгъуэм щыщ гъэтIылъыгъэ гуэрхэр къыщагъуэтауэ щытащ 1932 гъэм. Колумб и пэ щыIа Америкэм и зы къалэ нэхъ ин дыдэ илъэс минитIым нэблагъэкIэ щытащ а заповедникым деж.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Ахъшэ жыгъей. **6**. Пасэрей фоч. **7**. Пивэр нэхъыбэу къызыхащIыкIыр а хьэцэпэцэрщ. **8**. ЦIыху псэлъэгъуей. **10**. Шынакъжьейм ещхьу пхъэм къыхабзыкI лошкIэ. **14**. Налшык и уэрамхэм дэз къуалэбзу. **15**. ЦIыху пIащэ, лы лей зытелъ. **17**. ЩэкI пхъашэ зэIуща. **19**. ... зиIэм кIэи иIэщ. **20**. Щыхь пIащэ. Е цIыху къарууфIэ. **21**. Псыежэхым и адрей лъэныкъуэмкIэ къыщылъ щIыналъэ.

***Къехыу:*** **1**. Зи ... исым и уэрэд къреш. 2. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щежэх псышхуэ. **3**. КъБР-м щекIуэкIа япэ президент хэхыныгъэхэм хэта, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор. **4**. Анэкъилъху. **7**. Куэсэ ... умыщI. **9**. Адыгей Республикэм и лIыщхьэ КъумпIыл ... **11**. Къулэбзугъащтэу унагъуэ хадэхэм ирагъэувэу щытащ. **12**. КIыщокъуэ Алим и роман «Нал ...». **13**. Жэп теха нэужь а хадэхэкIыр нэхъ IэфI мэхъу. **16**. «Лэскэн хъыджэбз», «Бланэ щалъху мэкIуэж», «Мазэгъуэ жэщ» уэрэд цIэрыIуэхэм макъамэ щIэзылъхьа композитор. **17**. Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **18**. Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ. **19**. Къэрэгъул, хъумакIуэ ...




*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътIанщ.**

***ГЪАТХЭПЭМ И 6-М ДИ ГАЗЕТЫМ ТЕТА ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗЫМ И ЖЭУАПХЭР:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Благъэ. **3**. ЯпкIыху. **6**. Ямыубри. **9**. КIэм. **10**. Унэ. **13**. Щхьэ. **14**. Псы. **17**. Пщы. **19**. Мэл. **20**. МахуапщIэ. **23**. Ищхьэм. **24**. Псалъэ.

***Къехыу:*** **1**. БынкIэ. **2**. Гъэм. **4**. Пхъур. **5**. Хуэдэу. **6**. Ямыщхьым. **7**. Удз. **8**. Иубыдмэ. **11**. Жьэм. **12**. Япэ. **15**. Ипкъри. **16**. Бланэ. **18**. Къуа. **21**. Адэ. **22**. ЩIэс.

**● Псалъэ пэжхэр**

## ГуэшакIуэ Iыхьэншэщ

**♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.**
**♦ХьэщIэр бысымым и гъэрщ.**
**♦ХьэщIэр жэщищ исмэ, быным ящыщ мэхъуж.**
**♦Бажэм дыгъужьибл къегъапцIэ.**
**♦Бжьэм фо здэщыIэр ещIэ.**
**♦Былымыр жьы зэрыхъур и фэщ.**
**♦Гуэным имылъмэ, Iэнэми телъкъым.**
**♦Жылэм дэлъмэ, уиIэщ.**
**♦ЖысIэр щIэ, сщIэм уемыплъ.**
**♦ГуэшакIуэ Iыхьэншэщ.**
**♦Губзыгъэм и гуIэгъуэр делэм и гуфIэгъуэщ.**
**♦Къуажэ зиIэ нэф нэхърэ гухъу зыщIыф Iэшэ.**
**♦Гугъуехь зымылъэгъуам гъуэгуанэ хуэшэчыркъым.**
**♦Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж.**
**♦Зыщэм и напэр къэзыщэхум и уасэщ.**
**♦ЕсыкIэ умыщIэмэ, IупщIа псыми уитхьэлэжынщ.**



# ШколакIуэхэр дихьэхат

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр» семинар-зэIущIэ.**

IУЭХУР къызэригъэпэщащ КъБР-м и прокуратурэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Мэшыкъуэ Хьэчим, республикэм и прокурорым балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ ехьэлIа хабзэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь СэвкIуий Джемэ щIыгъуу.

Семинарым и лэжьыгъэм хэтащ «Хужьокъуэ В.Ж. и цIэр зезыхьэ гимназие №29» курыт еджапIэм и прокурор классхэм щIэсхэр.

Къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ Мэшыкъуэ Хьэчимрэ Лъэпкъ музейм и унафэщI нэхъыщхьэм м и къалэнхэр зыгъэзащIэ Накуэ Феликсрэ.

Мэшыкъуэ Хьэчим къыхигъэщащ мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ я кум дэлъу лъэпкъи 100-м щIигъум ящыщхэр республикэм зэрыщыпсэур, дэтхэнэми езым и щэн, хабзэ, дин зэриIэжыр. Хабзэхэр зыхъумэ нэхъыжьхэм я къалэнщ щIалэгъуалэр а лъапIэныгъэхэм пщIэ хуащIу, лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэхэр къэгъэхъуным пэщIэту гъэсэныр. КъытеувыIащ лъэпкъ псоми ящыщу нобэ дзэ Iуэху хэхам къалэныр щезыхьэкIхэм я лIыгъэм. Ветераным ныбжьыщIэхэм яжриIащ ерыщу еджэну, къыхахыну IэщIагъэм ехъулIэныгъэхэр щаIэну зэригуапэр.

Шэрджэсхэм я Iэщэхэм фIыуэ хэзыщIыкI Накуэ Феликс тепсэлъыхьащ сэшхуэхэм, фащэхэмрэ абыхэм я тхыдэмрэ. Зэрызыкъыхуагъэза упщIэхэм жэуап зэпкърыха яритащ. Лекцэ Iыхьэм иужькIэ шэрджэс сэшхуэр зэрыбгъэIурыщIэнур яригъэлъэгъуащ.

Семинарым и къызэгъэпэщакIуэхэм къыхагъэщащ нэхъыжьхэм я хабзэхэмрэ щапхъэмрэ щIалэгъуалэм иратыным ныбжьыщIэхэм я граждан Iуэху еплъыкIэр зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. ЗэIущIэр еджакIуэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**



# Пасэу IэщIагъэр къыхах



**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым курыт еджапIэхэм щрагъэдж предметхэмкIэ олимпиадэхэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ щагъэлъэпIащ. ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ институтым щызэхуэсащ республикэм и еджакIуэ нэхъыфIхэр, «Экономикэ», «Право» (обществознание Iыхьэ), «Финанс щIэныгъэ», «Экономикэ шынагъуэншагъэ», «ТуризмэмкIэ щIэнгъуазэ» дерсхэмкIэ щIэныгъэ куу къэзыгъэлъэгъуахэр.**

АПХУЭДЭ акъыл зэпеуэхэр егъэкIуэкIыным и мурад нэхъыщхьэр еджакIуэхэм ябгъэдэлъ аналитикэ, щIэныгъэ, творческэ зэфIэкIхэр къахутэнырщ, згъэужьынырщ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм зи щIэныгъэм щыхэзыгъэхъуэну зи жэрдэм щIалэгъуалэ зэчиифIэхэр къызэщIэгъэуIуэнырщ.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъБКъУ-м и проректор ГъукIэпщокъуэ Мурат. Абы къыхигъэщхьэхукIащ университетыр ди республикэм и щIэныгъэ, егъэджэныгъэ центр нэхъ ин дыдэу зэрыщытыр.

«Республикэм фимыкIыу дуней псор щызэвгъэцIыху хъуну щIыпIэщ КъБКъУ-р. Къэрал, континент зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа студент куэдым я фIыгъэкIэ, ди университетыр дунейпсо щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуагъэм я курых хъуащ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр ди еджапIэ пэшхэм щагъэбыдэ», – къыхигъэщащ Мурат.

Проректорым игъэбелджылащ университет олимпиадэхэм щIэныгъэм и кууагъыр, къэухьым и зыужьыкIэр, гупсысэкIэм и псынщIагъыр къызэрыщалъытэр, абыхэм еджапIэ нэхъыщхьэм ущеджэн папщIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

«Фи щIэныгъэр, Iэзагъыр, жанагъращ зэлъытар къыфхукъуэкIыну Iэмалхэр, ар шэч зыхэмылъщ. Ахэр фи Iэпэгъумэ, лэжьыгъэми фыхэзэгъэнущ, екIуу фыпсэунущ, фи унагъуэхэр зыхуей хуэвгъэзэну Iэмал фиIэнущ», - дыщIигъуащ и псалъэхэм ГъукIэпщокъуэм.

ШколакIуэхэм ехъуэхъуащ КъБКъУ-м МенеджментымкIэ, туризмэмрэ хьэщIагъэ индустриемкIэ и институтым и унафэщI Лыджыдэ Рэмэзан, Урысейм и Банкым КъБР-м щиIэ IуэхущIапIэм ЭкономикэмкIэ и къудамэм и унафэщI Чеченов Вячеслав, КъБКъУ-м и факультетхэм я егъэджакIуэ пажэхэр. Ахэр ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ здынэсам къыщымыувыIэну, IэщIагъэ яхуэхъунум быдзу егупсысу къыхахыну.

Олимпиадэхэм щытекIуахэри къызэхуэсахэм ядэгуэшащ зыщIэтIысхьэну я мурадхэмкIэ.

Шэджэм дэт курыт еджапIэ №1-м и 10-нэ классым щIэс КIыщ Лианэ финанс щIэныгъэмрэ экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ япэ увыпIэхэр къихьащ. «Обществознаниер сыдэзыхьэх предметщ, фIы дыдэу хэсщIыкIыу схужыIэнущ. Лэжьыгъэхэр гъэщIэгъуэнт икIи гугъу дыдэтэкъым. Мурад сщIащ КъБКъУ-м сыщIэтIысхьэну, тхыдэмрэ обществознаниемкIэ егъэджакIуэ сыхъуну», - жиIащ Лианэ.

Налшык къалэ дэт курыт школ №6-м и 11-нэ классым щеджэ Кравченкэ Дарье финанс щIэныгъэмкIэ олимпиадэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ. Ар тепсэлъыхьащ а предметым и мыхьэнэм: «Процент гугъукIэ» зэджэр зэрылажьэр е микрозаймхэр щIэшынагъуэр къызыгурыIуэ цIыхухэр мащIэщ. Сыщогугъ дяпэкIэ финанс щIэныгъэр школхэм нэхъ зыубгъуауэ щрагъэджыну. Иджыпсту сэ предметитхум нэхъ согугъу, китаибзэри хэту, сыщеджэнур къыхэхыным зэкIэ согупсыс. А унафэм си гъащIэ псор елъытауэ зэрыщытынур къызгуроIуэри, сыщымыуэну сыхуейщ», - къыхигъэщащ пщащэм.

Нэгъуей Рашид «ТуризмэмкIэ щIэнгъуазэ» (лъахэхутэ) олимпиадэм текIуэныгъэ къыщихьащ, обществознаниемрэ урысыбзэмкIэ зэпеуэхэми хэтащ.

«Лэжьыгъэхэр гугъут, ауэ эссем и темэр спэгъунэгъуу къыщIэкIащ, ар сэбэп къысхуэхъуауэ къыщIэкIынущ япэ увыпIэр къэсхьынымкIэ. КъБР-м и тхыдэм сызэрыщыгъуазэр хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ. КъБКъУ-м сыщеджэну си мурадщ, унэтIыныгъэр иджыри къыхэсхыпакъым», - къыддэгуэшащ Рашид.

КъБКъУ-м ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ и институтым и унафэщI Мэшыкъуэ Еленэ ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ IэщIагъэр тэмэму къыхахыну, абы зэи хущIемыгъужыну: «Псом япэрауэ, фи гур хэзыгъахъуэ Iуэху къэвгъуэт, итIанэ IэщIагъэр къыхэхыным гугъу фыдехьыжынукъым. Фи гъащIэ гъуэгуанэм фыщыщыуэ, шэч къызытефхьэ къыхэмыкIыу, гушхуауэ фкIуну сынывохъуэхъу».

Фигу къэдгъэкIыжынщи, олимпиадэхэмрэ нэгъуэщI акъыл зэпеуэхэмрэ япэ увыпIэ къыщызыхьахэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм кърикIуахэм балли 5 къыхухалъхьэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къыщызыхьахэм профильнэ унэтIыныгъэмкIэ балли 3 къаIэрохьэ.

**ДАРИЙ Дахэнур.**

# Балъкъэрхэм я къэщIэрэщIэжыныгъэм пожьэ

**Балъкъэрхэм я къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр щагъэлъапIэм ирагъэхьэлIэу Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ дзюдомкIэ республикэ зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ 2010-2011 гъэхэм къалъхуа бэнакIуэ ныбжьыщIэхэр икIи я хьэлъагъ елъытауэ ахэр гупибгъуу гуэшауэ щытащ.**

ЗЭIУЩIЭХЭР зэрекIуэкIам кIэлъыплъащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, Шэрэдж щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Уянаев Азрэт, КъБР-м дзюдомкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Емкъуж Мухьэмэд, Ныр Сеф и цIэр зэрихьэу Налшык дэт спорт еджапIэм и унафэщI Тау Сэфарбий сымэ.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм щытекIуащ КIыщ Рэмэзан (кг 42-рэ), ХьэщIэ дыгъу Идар (кг 46-рэ), Унэж Амирлан (кг 50), Уэтэр СулътIан (кг 55-рэ), Теммоев Алан (кг 60), Караев Алим (кг 66-рэ), Къарэмырзэ Арсен (кг 73-рэ), Додуев Суфьян (кг 81-рэ), Кумыщ Идар (кг 81+) сымэ.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Иванов Дмитрий, Апхудэ Анзор, Джэданэ Залым, Дзухэ Залымрэ Беслъэнрэ, Соблыр Рустам. Къуэшрокъуэ Астемыр сымэ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.**

● Дзюдо



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.267 • Заказыр №547

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленининым и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А